


M ap li nèt ale

Liv mèt la – 1

Dezyèm edisyon



**Premye
ane**



USAID | AYITI
ED PÈP AMERIKEN



Ministère de l'Éducation Nationale
et de la Formation Professionnelle

Oryantasyon Lesons 1-15	4
1. Leson A	27
2. Leson L	35
<i>Leson Revizyon A, L</i>	45
3. Leson I	47
4. Leson P	58
<i>Leson Revizyon I, P</i>	68
5. Leson E	70
6. Leson M	80
<i>Leson Revizyon E, M</i>	90
7. Leson An	92
8. Leson T	102
<i>Leson Revizyon An, T</i>	112
Peryod Revizyon	
<i>Peryod Revizyon A, L</i>	114
<i>Peryod Revizyon I, P</i>	116
<i>Peryod Revizyon E, M</i>	118
<i>Peryod Revizyon An, T</i>	120
9. Leson Ou	122
10. Leson S	133
<i>Leson Revizyon Ou, S</i>	142
11. Leson É	144
12. Leson K	153
<i>Leson Revizyon É, K</i>	164

Konsèy pou pwofesè yo

Anvan leson an :

- Pran yon ti tan pou li leson ou pral fè a.
- Li tout konsiy ki pou ou yo.
- Li tout konsiy ki pou elèv yo.
- Prepare tout materyèl w ap bezwen pou leson an (liv elèv yo, kaye ekriti a, règ, kreyon ak lòt materyèl ki nesèsè pou leson an.)
- Distribye liv yo ak kaye ekriti yo bay tout elèv yo anvan ou kòmanse leson an. (elèv yo pa bezwen ouvè yo tousuit).
- Ekri sou tablo a nimewo paj leson jou a.
- Trase sou tablo a liy pou elèv yo ekri (sonje fè yo menm jan ak liy ki nan kaye ekriti a.)
- Verifye si elèv yo genyen lòt materyèl tankou kreyon, gòm, règ, tay kreyon...

Pandan leson an :

- Ankouraje elèv yo patisipe nan aktivite leson yo.
- Toujou mete anpil gete nan fason w ap fè leson an.
- Chwazi menm kantite ti fi ak ti gason ($f = g$) pou reponn kesyon yo.
- Chwazi elèv toupatou nan sal la : devan, nan mitan ak dèyè (d / m / d).
- Korije repons elèv yo lè sa nesèsè (w ap di : « Se sa » oswa « se pa sa » jan nou aprann sa nan fòmasyon an.)
- Mache nan klas la pou verifye si elèv yo ap byen egzekite konsiy yo.
- Ede elèv ki gen difikilte pou fè aktivite yo.
- Mete w nan yon bon pozisyon lè w ap ekri sou tablo a pou fasilite elèv yo suiv sa w ap fè a.
- Di kontin yo nan bon ton.
- Mande elèv yo fè kèk jès ki mache ak sa ki di nan kontin yo.
- Veye pou pa gen twòp dezòd nan aktivite yo.
- Respekte tan ki rezève pou chak aktivite nan leson an.
- Mete postè yo nan yon pozisyon k ap pèmèt timoun wè l san difikilte.
- Toujou evalye elèv yo anvan leson an fini.

Aprè leson an :

- Mande elèv yo rantre materyèl yo. (liv elèv, kaye ekriti, gòm, règ...)
- Ranje tout lòt materyèl ki te itilize nan leson an. (postè, liv mèt la...)

Timoun yo ap fè konesans youn ak lòt**Aktivite 1**

[Di non ou epi mande tout elèv yo di non yo youn apre lòt.] Egzanp : « Mwen rele Jan. ».

Aktivite 2

[Di non ou, yon bagay ou renmen ak kontantman ou genyen pou ou nan lekòl la. Mande tout elèv yo fè menm bagay la youn apre lòt.] Egzanp : « Mwen rele Jan, mwen renmen mayi boukannen, mwen kontan lekòl la jodi a. »

Aktivite 3**Sonje non yo.**

[Mande chak timoun pou yo di non tout timoun ki di non yo anvan li san li pa sote youn epi l ap di non pa l. Moun li bliye a ka ede l.]

Aktivite 4**Egzèsis sou kaye**

Fè desen yon bagay nou renmen sou kaye nou [paj 1].

Timoun yo ap rekonèt materyèl ki nan klas la**Aktivite 1**

Timoun yo ap idantifye tout materyèl ki nan klas la.

Jodi a nou pral idantifye materyèl ki nan klas la. Lè mwen lonje dwèt mwen sou yon materyèl n ap di ki sa li ye.

Tou pa m 

- [Montre tablo a epi di:]
- Sa a se yon tablo
- [Montre biwo a epi di:]
- Sa a se yon biwo
- [Montre chèz la epi di:]
- Sa a se yon chèz
- [Montre yon ban epi di:]
- Sa a se yon ban

Ann fè l ansanm 

- Lè mwen lonje dwèt mwen sou yon materyèl n ap di ki sa li ye.
- [Montre tablo a epi di:]
- Ki sa sa a ye ?
- [Montre biwo a epi di:]
- Ki sa sa a ye ?
- [Montre chèz la epi di:]
- Ki sa sa a ye ?
- [Montre yon ban epi di:]
- Ki sa sa a ye ?
- [Mèt la ak elèv yo reponn ansanm.]

Se tou pa nou 

- Lè mwen lonje dwèt mwen sou yon materyèl n ap di m ki sa li ye.
- [Montre chèz la epi di:]
- Ki sa sa a ye ?
- [Montre tablo a epi di:]
- Ki sa sa a ye ?
- [Montre biwo a epi di:]
- Ki sa sa a ye ?
- [Montre yon ban epi di:]
- Ki sa sa a ye ?
- [Elèv yo reponn poukont yo.]

Aktivite 2

Jodi a nou pral idantifye materyèl ki nan klas la. Lè mwen lonje dwèt mwen sou yon materyèl n ap di ki sa li ye.

Tou pa m 

- [Montre yon liv epi di:]
- Sa a se yon liv
- [Montre yon kaye epi di:]
- Sa a se yon kaye
- [Montre yon plim epi di:]
- Sa a se yon plim
- [Montre yon kreyon epi di:]
- Sa a se yon kreyon

Ann fè l ansanm 

- Lè mwen lonje dwèt mwen sou yon materyèl n ap di ki sa li ye.
- [Montre yon liv epi di:]
- Ki sa sa a ye ?
- [Montre yon kaye epi di:]
- Ki sa sa a ye ?
- [Montre yon plim epi di:]
- Ki sa sa a ye ?
- [Montre yon kreyon epi di:]
- Ki sa sa a ye ?
- [Mèt la ak elèv yo reponn ansanm.]

Se tou pa nou 

- Lè mwen lonje dwèt mwen sou yon materyèl n ap di m ki sa li ye.
- [Montre yon kaye epi di:]
- Ki sa sa a ye ?
- [Montre yon kreyon epi di:]
- Ki sa sa a ye ?
- [Montre yon plim epi di:]
- Ki sa sa a ye ?
- [Montre yon liv epi di:]
- Ki sa sa a ye ?
- [Elèv yo reponn poukont yo.]

Aktivite 3

Timoun yo ap montre materyèl yo lè yo mande yo.

Montre m : tablo a/ yon liv/ yon kreyon/ chèz la/ yon biwo/ yon plim/ yon ban/ yon kaye.

Aktivite 4

Egzèsis sou kaye

Fè desen youn nan materyèl nou pi renmen nan klas la sou kaye nou [paj 2].


Memwa (5 minit)

[Mèt la ap mande tout timoun yo ansanm :] Ki sa nou aprann jodi a ?

[Mèt la ap mande kèk timoun youn apre lòt :] Ki sa nou aprann jodi a ?

Timoun yo ap rekonèt kaye yo**Preparasyon :**

Anvan timoun yo sèvi avèk kaye yo, Mèt la ap ekri non tout timoun yo nan kaye yo avèk lèt "enprimri". L ap ekri byen gwo. L ap mete premye lèt non an ak premye lèt siyati a an majiskil. A goch non an l ap kite yon espas pou timoun nan kapab fè yon desen.

Egzanp :**Rita Jan****Aktivite 1****Timoun yo ap rekonèt yo chak gen kaye pa yo (25 minit)****Prezantasyon**

Jodi a nou pral aprann rekonèt ki kaye ki pou chak moun.

[Bay chak timoun kaye pa l la. Di yo pou yo chak fè yon desen nan ti kare ki sou po kaye a. Chak timoun dwe fè desen pa yo. Esplike chak timoun ti desen an ak non an ap fè yo wè kaye sa a se pou li li ye. Mande timoun yo pou yo byen gade po kaye a. Apre sa ranmase tout kaye yo.]

Aktivite 2**Timoun yo ap rekonèt kaye yo lè yo wè non yo ak desen yo te fè a. (25 minit)**

[Pran chak kaye. Montre timoun yo po a. Mande pou kiyès kaye sa a ? Di timoun ki rekonèt kaye pa l la leve pous li anlè. Si gen timoun ki pa reyisi ede yo.]

[Chak timoun ki idantifye kaye l, ba li kaye a. Fè sa jis ou fin distribye tout kaye yo.]

Memwa (5 minit)

[Mèt la ap mande tout timoun yo ansanm :] Ki sa nou aprann jodi a ?

[Mèt la ap mande kèk timoun youn apre lòt :] Ki sa nou aprann jodi a ?

Timoun yo ap di non Koulè epi fè kèk fòm

Aktivite 1

Timoun yo ap rekonèt koulè (15 minit)

Prezantasyon

[Mèt la pale avèk timoun yo sou koulè, l ap montre yo desen ki sou po kaye a.]

An nou gade po kaye a. Ki sa nou wè ? An nou gade rad timoun yo ki nan desen an. Ki sa nou wè ki menm ? Ki sa nou wè ki pa menm ? [Timoun yo dwe rive di yo pa gen menm koulè.]

Jodi a nou pral aprann koulè. Lè mwen mete dwèt mwen sou yon koulè, n ap di ki koulè li ye.

Tou pa m



- *[Montre koulè wouj la epi di :]*
- Koulè sa a se wouj
- *[Montre koulè ble a epi di :]*
- Koulè sa a se ble
- *[Montre koulè jòn lan epi di :]*
- Koulè sa a se jòn

Ann fè l ansanm



- Lè mwen mete dwèt mwen sou yon koulè, n ap di ki koulè li ye.
- *[Mete dwèt ou sou koulè wouj la epi di :]*
- Ki koulè sa a ye ?
- *[Mete dwèt ou sou koulè ble a epi di :]*
- Ki koulè sa a ye ?
- *[Mete dwèt ou sou koulè jòn nan epi di :]*
- Ki koulè sa a ye ?
- *[Mèt la ak elèv yo reponn ansanm.]*

Se tou pa nou



- Lè mwen mete dwèt mwen sou yon koulè, n ap di m ki koulè li ye.
- *[Mete dwèt ou sou koulè ble a epi di :]*
- Ki koulè sa a ye ?
- *[Mete dwèt ou sou koulè jòn nan epi di :]*
- Ki koulè sa a ye ?
- *[Mete dwèt ou sou koulè wouj la epi di :]*
- Ki koulè sa a ye ?
- *[Elèv yo reponn poukont yo.]*

Aktivite 2

N ap kontinye aprann koulè. Lè mwen mete dwèt mwen sou yon koulè, n ap di ki koulè li ye.

Tou pa m



- *[Montre koulè vyolèt la epi di :]*
- Koulè sa a se vyolèt.
- *[Montre koulè oranj lan epi di :]*
- Koulè sa a se oranj.
- *[Montre koulè vèt la epi di :]*
- Koulè sa a se vèt.

Ann fè l ansanm



- Lè mwen mete dwèt mwen sou yon koulè, n ap di ki koulè li ye.
- *[Mete dwèt ou sou koulè vyolèt la epi di :]*
- Ki koulè sa a ye ?
- *[Mete dwèt ou sou koulè oranj lan epi di :]*
- Ki koulè sa a ye ?
- *[Mete dwèt ou sou koulè vèt la epi di :]*
- Ki koulè sa a ye ?
- *[Mèt la ak elèv yo reponn ansanm.]*

Se tou pa nou



- Lè mwen mete dwèt mwen sou yon koulè, n ap di m ki koulè li ye.
- *[Mete dwèt ou sou koulè vèt la epi di :]*
- Ki koulè sa a ye ?
- *[Mete dwèt ou sou koulè oranj lan epi di :]*
- Ki koulè sa a ye ?
- *[Mete dwèt ou sou koulè vyolèt la epi di :]*
- Ki koulè sa a ye ?
- *[Elèv yo reponn poukont yo.]*

Aktivite 3

Timoun yo ap di non tout koulè : wouj, ble, jòn, vyolet, oranj, vèt (5 minit)

[Mèt la ap montre timoun yo divès koulè yo youn apre lòt pou yo di non yo.]

[Rele kèk timoun youn apre lòt pou yo di non koulè yo.]

Aktivite 4

Egzèsis sou kaye (20 minit)

Kounye a nou pral aprann vire paj kaye ak kenbe kreyon byen.

Tou pa m



– M ap vire paj kaye a dousman.

Ann fè l ansanm



– An nou vire paj kaye a dousman.

Se tou pa nou

– Kontinye vire paj yo dousman jis nou rive nan do kaye a.
– *[Pase verifye.]*

Tou pa m



– Mwen kenbe kreyon an ak twa dwèt.

Ann fè l ansanm



– An nou kenbe kreyon an ak twa dwèt.

Se tou pa nou

– Kenbe kreyon nou avèk twa dwèt.
– *[Pase verifye.]*

[Mande elèv yo louvri kaye a nan paj 3 epi di :]

Nou pral fè yon liy baton kanpe tankou modèl la.

Nou pral fè yon liy baton kouche tankou modèl la.

Nou pral fè yon liy ti kwa tankou modèl la.

Nou pral fè yon liy panche a dwat tankou modèl la.

Nou pral fè yon liy panche a goch tankou modèl la.

[Bay timoun yo tan pou yo fè chak liy anvan ou mande yo fè yon lòt.]

Memwa (5 minit)

[Mèt la ap mande tout timoun yo ansanm :] Ki sa nou aprann jodi a ?

[Mèt la ap mande kèk timoun youn apre lòt :] Ki sa nou aprann jodi a ?

Timoun yo ap di non objè ki fè son yo tande a

Aktivite 1

Timoun yo ap fè eksperyans sou silans (5 minit)

Prezantasyon

Nou pral aprann fè diferans ant bri ak silans.

Tou pa m



- Mwen pral mete yon dwèt sou bouch mwen pou m fè silans.
- Lè mwen fè silans, mwen leve pous mwen anlè.
- Mwen frape men m sou tab la. Sa se bri, se pa silans.
- Lè mwen fè bri, mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Lè mwen fè silans, n ap leve pous nou anlè.
- Lè m fè bri n'ap mete pous nou tèt anba.
- *[Mèt la fè silans ankò. Apre sa l ap fè lòt bri : avèk men li, avèk pye li...]*
- *[Mèt la ak elèv yo ap reponn avèk pous yo. Kontinye avèk lòt egzanp.]*

Se tou pa nou



- Fèmen je nou.
- Lè mwen fè silans, n ap leve pous nou anlè.
- Lè nou tande m fè yon bri n'ap mete pous nou tèt anba.
- *[Tanzantan mèt la ap fè silans, tanzantan l ap fè yon bri.]*
- *[Timoun yo ap reponn avèk pous yo.]*

Aktivite 2

Nou pral rekonèt epi di kri ki bèt nou tande (10 minit)

Kounye a nou pral idantifye kri bèt. Lè m fè kri yon bèt n ap di m kri ki bèt nou tande.

Tou pa m



- lè m fè **woup, woup**
- mwen fè kri chen
- Lè m fè **myaw, myaw**
- mwen fè kri chat

Ann fè l ansanm



- Lè m fè kri yon bèt n ap di kri ki bèt nou tande.
- **woup, woup**
- kri ki bèt nou tande ?
- *[Elèv yo ak mèt la reponn ansanm.]*
- **bè è, bè è**
- kri ki bèt nou tande ?
- *[Elèv yo ak mèt la reponn ansanm.]*

Se tou pa nou



- Lè m fè kri yon bèt n ap di kri ki bèt nou tande.
- **mou ou, mou ou**
- kri ki bèt nou tande ?
- *[Elèv yo reponn ansanm.]*
- **Koukouyoukou**
- kri ki bèt nou tande ?
- *[Kontinye ak lòt kri.]*

Aktivite 3

Rekonèt epi di son yon objè (15 minit)

Kounye a nou pral idantifye epi di son ki sa nou tande. M ap fè yon son ak yon objè. Apre sa n ap di son ki sa nou tande. *[Pa bliye pote materyèl n ap sèvi yo.]*

Tou pa m 

- M ap souke yon mamit ki gen ti wòch ladan l.
- Mwen tande **son mamit la**.
- M ap frape yon boutèy ak yon ti wòch.
- Mwen tande son boutèy la.

Ann fè l ansanm 

- M ap souke yon mamit ki gen ti wòch ladan l :
- Son ki sa nou tande?
- **se son mamit la**.
- M ap frape yon boutèy ak yon ti wòch.
- Son ki sa nou tande?
- Se son boutèy la.

Se tou pa nou 

- [Mande timoun yo fèmen je yo.]
- M ap fè yon son ak yon objè. Apre sa, n ap di m son ki sa nou tande.
- [Frape sou biwo a epi mande elèv yo son ki sa yo tande.]
- [Frape lòt objè epi mande elèv yo son ki sa yo tande.]

Aktivite 4

Ann jwe ak kadans yo (10 minit)

Mwen pral fè kèk aktivite. Lè m fè yo vit, n ap leve pous nou anlè. Lè m fè yo dousman, n ap mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- [Frape men w vit.]
- lè m frape men m byen vit Mwen leve pous mwen anlè.
- [Frape men w dousman.]
- Lè m frape menm dousman mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Lè mwen frape men m vit n ap leve pous nou anlè. Lè m frape men m dousman n ap mete pous nou tèt anba.
- [Frape men w vit.]
- [Elèv yo ak mèl la reponn ak pous yo.]
- [Frape men w dousman.]
- [Elèv yo ak mèl la reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp. [Frape pye; souke tèt...]

Se tou pa nou

- Lè mwen sote vit n ap leve pous nou anlè. Lè m sote dousman n ap mete pous nou tèt anba.
- [Sote vit.]
- [Elèv yo reponn ak pous yo]
- [Sote dousman.]
- [Elèv yo reponn ak pous.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp
- [Pale, chante, danse...]

Aktivite 5

Egzèsis sou kaye (15 minit)

Nou pral travay nan kaye nou nan paj 7.

Chak fwa mwen frape men m n ap fè yon ti kwa sou liy kaye a.
 Chak fwa nou tande son mamit la n ap fè yon ti pwen sou liy kaye a.
 Chak fwa nou tande son boutèy la n ap fè yon ti baton kanpe sou liy kaye a.
 [Frape dousman ak yon kadans, egzanp : mamit - mamit -boutèy, mamit - mamit -boutèy, elatriye. Apre ou fini ak premye a, rete epi eseye ak youn ou de kadans anko.]

Memwa (5 minit)

[Mèt la ap mande tout timoun yo ansanm :] Ki sa nou aprann jodi a ?
 [Mèt la ap mande kèk timoun youn apre lòt :] Ki sa nou aprann jodi a ?

Timoun yo ap aprann pozisyon yon objè oswa yon moun (anwo, anba, devan, dèyè, sou kote, nan mitan)

Aktivite 1

Jodi a nou pral aprann diferan pozisyon yon moun ka kanpe pa rapò a yon lòt moun.

Tou pa m

- [Rele yon timoun, mete l kanpe devan ou epi di elèv yo :]
- [non elèv la] kanpe **devan** mwen.
- [Mande timoun nan pase dèyè w epi di elèv yo :]
- [Non elèv la] kanpe **dèyè** mwen.
- [Mande timoun nan pase sou kote w epi di elèv yo :]
- [Non elèv la] kanpe **sou kote** mwen.

Ann fè l ansanm

- N ap gade nan ki pozisyon [non elèv la] kanpe. Epi lè m di : « ki kote », n ap di ki kote nou wè l kanpe.
- [Mande timoun nan kanpe devan ou epi di elèv yo :]
- Ki kote li kanpe?
- [Mande timoun nan pase dèyè w epi di elèv yo :]
- Ki kote li kanpe ?
- [Mande timoun nan pase sou kote w epi di elèv yo :]
- Ki kote li kanpe ?
- [Mèt la ak elèv yo reponn ansanm.]

Se tou pa nou

- N ap gade nan ki pozisyon [non elèv a] kanpe. Epi lè m di : « ki kote », n ap di m ki kote nou wè l kanpe.
- [Mande timoun nan kanpe devan ou epi di elèv yo :]
- Ki kote li kanpe ?
- [Mande timoun nan pase dèyè w epi di elèv yo :]
- Ki kote li kanpe ?
- [Mande timoun nan pase sou kote w epi di elèv yo :]
- Ki kote li kanpe ?
- [Timoun yo reponn poukont yo.]

Aktivite 2

Kounye a nou pral aprann diferan pozisyon yon objè ka genyen pa rapò a yon lòt objè.

Tou pa m

- [Mete yon plim nan mitan de liv epi di elèv yo :]
- Plim nan **nan mitan** liv yo.
- [Mete plim nan anlè yon liv epi di elèv yo :]
- Plim nan **anlè** liv la.
- [Mete plim nan anba yon liv epi di elèv yo :]
- Plim nan **anba** liv la.

Ann fè l ansanm

- N ap gade nan ki pozisyon objè yo ye. Epi lè m di : « ki kote », n ap di si nou wè objè a anlè, anba oswa nan mitan.
- [Mete yon plim nan mitan de liv epi di elèv yo :]
- Ki kote plim nan ye ?
- [Mete plim nan anlè yon liv epi di elèv yo :]
- Ki kote plim nan ye ?
- [Mete plim nan anba yon liv epi di elèv yo :]
- Ki kote plim nan ye ?

Se tou pa nou

- N ap gade nan ki pozisyon objè yo ye. Epi lè m di : « ki kote », n ap di m si nou wè objè a anlè, anba oswa nan mitan.
- [Mete yon plim nan mitan de liv epi di elèv yo :]
- Ki kote plim nan ye ?
- [Mete plim nan anlè yon liv epi di elèv yo :]
- Ki kote plim nan ye ?
- [Mete plim nan anba yon liv epi di elèv yo :]
- Ki kote plim nan ye ?

Aktivite 3

Kounye a nou pral aprann diferan pozisyon yon objè ka genyen pa rapò a yon moun.

Tou pa m 

- [Mete yon chèz devan w epi di elèv yo :]
- Chèz la **devan** m.
- [Mete yon chèz dèyè w epi di elèv yo :]
- Chèz la **dèyè** m.
- [Mete yon chèz sou kote w epi di elèv yo :]
- Chèz la **sou kote** m .

Ann fè l ansanm 

- N ap gade nan ki pozisyon chèz la ye. Epi lè m di : « ki kote », n ap di si li devan, dèyè oswa sou kote m.
- [Mete yon chèz devan w epi di elèv yo :]
- Ki kote chèz la ye ?
- [Mete yon chèz dèyè w epi di elèv yo :]
- Ki kote chèz la ye ?
- [Mete yon chèz sou kote w epi di elèv yo :]
- Ki kote chèz la ye ?

Se tou pa nou 

- N ap gade nan ki pozisyon chèz la ye. Epi lè m di : « ki kote », n ap di si li devan, dèyè oswa sou kote m.
- [Mete yon chèz devan w epi di elèv yo :]
- Ki kote chèz la ye ?
- [Mete yon chèz dèyè w epi di elèv yo :]
- Ki kote chèz la ye ?
- [Mete yon chèz sou kote w epi di elèv yo :]
- Ki kote chèz la ye ?

Aktivite 4

Egzèsis sou kaye (10 minit)

Kounye a nou pral travay nan kaye nou. Ouvri kaye a nan paj 8.

[Timoun yo pral swiv konsiy mèt la ba yo dapre desen ki nan kaye a.]

Fè yon baton kanpe sou tout objè ki anlè biwo a.

Fè yon baton kouche sou objè ki anba biwo a.

Fè yon kwa sou sa ou wè nan mitan biwo a ak chèz la.

Ki sa ki sou kote ti gason an ?

Memwa (5 minit)

[Mèt la ap mande tout timoun yo ansanm :] Ki sa nou aprann jodi a ?

[Mèt la ap mande kèk timoun youn apre lòt :] Ki sa nou aprann jodi a ?

Timoun yo ap di non fòm

Aktivite 1

Revizyon : Timoun yo ap di non koulè yo. (5 minit)

[Sèvi ak po kaye a. Mande kèk timoun youn apre lòt pou yo di ki koulè ou montre a.]

Aktivite 2

Timoun yo ap idantifye fòm (15 minit)

Prezantasyon

[Fè fòm yon won, yon kare, yon rektang ak yon triyang sou tablo a.]

Kounye a nou pral aprann fòm. Mwen pral touche fòm nan epi n ap di m ki sa li ye.

Tou pa m



- [Touche wonn nan epi di :]
- Sa a se yon **wonn**.
- [Touche kare a epi di :]
- Sa a se yon **kare**.
- [Touche triyang nan epi di :]
- Sa a se yon **triyang**.

Ann fè l ansanm



- Lè m touche yon fòm n ap di ki sa li ye.
- [Touche wonn nan epi di :]
- Ki fòm sa a ye ?
- [Touche kare a epi di :]
- Ki fòm sa a ye ?
- [Touche triyang nan epi di :]
- Ki fòm sa a ye ?
- [Mèt la ak elèv yo reponn ansanm.]

Se tou pa nou



- Lè m touche yon fòm n ap di m ki sa li ye.
- [Touche wonn nan epi di :]
- Ki fòm sa a ye ?
- [Touche kare a epi di :]
- Ki fòm sa a ye ?
- [Touche triyang nan epi di :]
- Ki fòm sa a ye ?
- [Elèv yo reponn poukont yo.]

Aktivite 3

Timoun yo ap rekonèt fòm rektang (15 minit)

Kounye a nou pral rekonèt fòm rektang. Lè m touche rektang lan, n ap leve pous nou anlè. Lè m touche yon lòt fòm, n ap mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Sa a se yon **rektang**.
- Mwen touche rektang lan, mwen leve pous mwen anlè.
- [Touche rektang lan epi leve pous ou.]
- Mwen touche yon lòt fòm mwen mete pous mwen tèt anba.
- [Touche nenpòt lòt fòm epi mete pous ou tèt anba.]

Ann fè l ansanm



- Lè m touche rektang lan n ap leve pous nou anlè.
- [Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Lè m touche yon lòt fòm n ap mete pous nou tèt anba.
- [Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]

Se tou pa nou



- Lè m touche rektang lan n ap leve pous nou anlè.
- [Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Lè m touche yon lòt fòm n ap mete pous nou tèt anba.
- [Elèv yo reponn ak pous yo.]

Aktivite 4

Timoun yo ap di non tout fòm yo: won, kare, triyang, rektang (5 minit)

[Montre timoun yo divès fòm youn apre lòt pou yo di non an.]

[Rele kèk timoun youn apre lòt pou yo di non fòm yo.]

Aktivite 5

Timoun yo ap fè fòm yo avèk dwèt yo (5 minit)

a. Kounye a nou pral aprann fè wonn ak dwèt nou nan lè.

Tou pa m 

– M ap vire dwèt mwen tou won nèt jistan mwen fèmen wonn nan.

Ann fè l ansanm 

– Ann vire dwèt nou tou won nèt jistan nou fèmen wonn nan.

Se tou pa nou 

– Vire dwèt nou tou won nèt jistan nou fèmen wonn nan.

b. Kounye a nou pral aprann fè kare ak dwèt nou nan lè.

Tou pa m 

– Mwen fè yon ti baton kanpe a goch. Mwen fè yon ti baton kanpe a dwat. Mwen fè yon ti baton kouche anlè. Mwen fè yon ti baton kouche anba.

Ann fè l ansanm 

– Ann fè yon ti baton kanpe a goch. Ann fè yon ti baton kanpe a dwat. Ann fè yon ti baton kouche anlè. Ann fè yon ti baton kouche anba.

Se tou pa nou 

– Fè yon ti baton kanpe a goch. Fè yon ti baton kanpe a dwat. Fè yon ti baton kouche anlè. Fè yon ti baton kouche anba.

c. Kounye a nou pral aprann fè triyang ak dwèt nou nan lè.

Tou pa m 

– Mwen fè yon ti baton panche a goch. Mwen fè yon ti baton panche a dwat. Mwen fè yon ti baton kouche anba.

Ann fè l ansanm 

– Ann fè yon ti baton panche a goch. Ann fè yon ti baton panche a dwat. Ann fè yon ti baton kouche anba.

Se tou pa nou 

– Fè yon ti baton panche a goch. Fè yon ti baton panche a dwat. Fè yon ti baton kouche anba.

Aktivite 6

Egzèsis sou kaye nan paj 9 (10 minit)

Kounye a nou pral fè fòm yo nan kaye nou. Nou pral fè yon liy pou chak fòm mwen mande nou fè.
Fè yon liy won.
Fè yon liy kare.
Fè yon liy triyang.

Fè yon baton kanpe nan chak fòm won.
Fè yon ti kwa nan chak fòm kare.
Fè yon ti pwen nan chak fòm triyang.

Memwa (5 minit)

[Mèt la ap mande tout timoun yo ansanm :] Ki sa nou aprann jodi a ?
[Mèt la ap mande kèk timoun youn apre lòt :] Ki sa nou aprann jodi a ?

Timoun yo ap rekonèt son ki fò ak son ki ba; yo rive kontwole vwa yo

Aktivite 1

Timoun yo ap rekonèt son ki fò ak son ki ba (15 minit)

Tou pa m



- Mwen pale **fò**.
- Mwen leve pous mwen anlè.
- Mwen pale tou **ba**.
- Mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Lè m pale fò n ap leve pous nou anlè. Lè m pale ba, n ap mete pous nou tèt anba.
- [Pale fò.]
- [Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- [Pale ba.]
- [Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]

Se tou pa nou



- Lè m pale fò n ap leve pous nou anlè. Lè m pale ba, n ap mete pous nou tèt anba.
- [Pale fò.]
- [Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- [Pale ba.]
- [Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]

Aktivite 2

Timoun yo ap repwodui son ki fò ak son ki ba (15 minit)

Kounye a nou pral repwodui son ki fò ak son ki ba.

Tou pa m



- M ap fè yon son ki fò.
- M ap **frape men m fò**.
- [Frape menw fò.]
- M ap fè yon son ki ba.
- M ap frape men m tou piti.
- [Frape menw piti.]

Ann fè l ansanm



- Ann frape men nou fò.
- [Mèt la ak elèv yo frape men yo byen fò.]
- Ann frape men nou tou piti.
- [Mèt la ak elèv yo frape men yo tou piti.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp [frape pye...].

Se tou pa nou



- Frape men nou fò
- [Elèv yo frape men yo byen fò.]
- Frape men nou tou piti
- [Elèv yo frape men yo tou piti.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp [frape pye...].

Aktivite 3

Timoun yo ap kontwole wotè vwa yo (1è etap) (10 minit)

[Chwazi de timoun. Mete yo kanpe fas pou fas. Apre sa mande premye a pou l mande timoun ki anfas li a byen fò : **kijan ou rele ?** Epi lòt timoun nan ap reponn byen fò tou.]

[Apre sa mande de lòt timoun fè menm egzèsis la pandan y ap pale tou ba.]

[Kontinye egzèsis la ak lòt timoun nan klas la.]

Aktivite 4

Timoun yo ap kontwole wotè vwa yo (2èm etap) (10 minit)

[Chwazi dis timoun. Fè yo fè yon wonn. Di yo :]

Nou pral fè jwèt telefòn. M ap di yon timoun yon fraz tou ba nan zorèy li. Apre sa l ap di ti zanmi ki sou kote l la menm bagay la tou ba jiskaske fraz la tounen vin jwenn mwen. Egzanp : « **Mwen li chak jou.** » Chak timoun ap tann tou pa yo pou yo pale.

Aktivite 5

Egzèsis sou kaye (Paj 10) (5 minit)

[Di timoun yo :] Mwen pral di plizyè mo youn apre lòt.

Chak mo mwen di fò, fè yon gwo kwa sou liy kaye a. Chak mo mwen di tou ba, fè yon ti kwa sou liy lan.

Mo yo :

Liv – Fenèt – **Lanmè** – **Kaye** – Bwat – **Pen** – **Chèz** – **Mayo** – Sous – **Linèt**
 Van – **Kay** – Bokit – **Bonbon** – Dlo – Solèy – **Mayo** – Syèl – Pyebwa – **Mayo**

[Di mo ki an gra yo fò. Di mo ki ann italik yo tou ba.]

Memwa (5 minit)

[Mèt la ap mande tout timoun yo ansanm :] Ki sa nou aprann jodi a ?

[Mèt la ap mande kèk timoun youn apre lòt :] Ki sa nou aprann jodi a ?

Timoun yo ap mete objè a goch, a dwat

Aktivite 1

Revizyon : Timoun yo ap mete yon objè devan, dèyè, anwo, anba, sou kote, nan mitan (5 minit)

[Mande timoun yo pou yo mete :]

Bra yo devan yo/bra yo dèyè yo / men yo sou tèt yo/ kaye yo sou biwo a / kreyon yo sou kaye a/ yon kreyon nan mitan 2 liv/ yon valiz dèyè do yo.

Aktivite 2

Timoun yo ap rekonèt men dwat yo ak men goch yo (10 minit)

Kounye a nou pral rekonèt men dwat ak men goch nou.

Tou pa m



- [Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo. Leve men dwat ou anlè epi di :]
- Sa a se men **dwat** mwen.
- [Leve men goch ou anlè epi di :]
- Sa a se men **goch** mwen.

Ann fè l ansanm



- Lè mwen leve men dwat mwen anlè, n ap leve men dwat nou tou. Lè m leve men goch mwen, n ap leve men goch nou tou.
- Ann leve bra dwat nou anlè.
- Ann leve bra goch nou anlè.
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
- Leve pye dwat nou.
- Leve pye goch.

Se tou pa nou



- Leve bra dwat nou anlè.
- Leve bra goch nou anlè.
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
- Leve pye dwat nou.
- Leve pye goch.
- Manyen jenou dwat nou.
- Manyen jenou goch nou.

Aktivite 3

Timoun yo ap manyen bò dwat yo ak bò goch yo. (15 minit)

[Montre timoun yo bò dwat ak bò goch ou. Apre sa mande tout elèv yo pou yo fè menm jès la ansanm. Mande kèk timoun fè menm jès la youn apre lòt.]

Aktivite 4

Timoun yo ap mete yon objè a dwat oubyen a goch yo. (15 minit)

Kounye a nou pral aprann mete yon objè a dwat oubyen a goch nou.

Tou pa m



- [Kanpe anfas timoun yo mete yon liv a dwat ou epi di :]
- **Liv la a dwat mwen.**
- [Mete yon liv a goch ou epi di :]
- **Liv la a goch mwen.**

Ann fè l ansanm



- Lè nou mete liv la a dwat nou, n ap di : Liv la adwat nou.
- Lè nou mete liv la a goch nou, n ap di : Liv la a goch nou.

Se tou pa nou



- Mete liv la a dwat nou.
- Mete liv la a goch nou.
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
- Kreyon, liv, kaye

Aktivite 5**Egzèsis sou kaye (10 minit)**

[Mande timoun yo ouvri kaye yo nan paj 11.]

Fè yon kwa sou men dwat ti fi a.
Fè yon wonn sou men goch ti fi a.
Fè yon ti baton kanpe sou pye dwat ti fi a.
Fè yon ti baton kouche sou pye goch ti fi a.
Fè yon kare sou bò dwat ti fi a.
Fè yon triyang sou bò goch ti fi a.

Memwa (5 minit)

[Mèt la ap mande tout timoun yo ansanm :] Ki sa nou aprann jodi a ?

[Mèt la ap mande kèk timoun youn apre lòt :] Ki sa nou aprann jodi a ?

Timoun yo ap aprann fè espiral a dwat, ak espiral a goch

Egzèsis sou kaye

Aktivite 1

Timoun yo ap aprann fè espiral (20 minit)

Prezantasyon

[Fè desen yon espiral sou tablo a epi di :]

Sa a se yon espiral.

Jodi a nou pral aprann fè espiral nan lè.

Tou pa m



– Mwen fè yon pwen epi mwen fè plizyè wonn ki pa janm kontre.

Ann fè l ansanm



– N ap fè espiral la pandan n ap di sa n ap fè a.
– Mwen fè yon pwen epi mwen fè plizyè wonn ki pa janm kontre.

Se tou pa nou



– N ap fè espiral la pandan n ap di sa n ap fè a.
– Mwen fè yon pwen epi mwen fè plizyè wonn ki pa janm kontre.

Aktivite 2

Kounye a nou pral fè espiral a dwat sou kaye.

Tou pa m



– Mwen fè yon pwen epi mwen vire men m a dwat pou m fè plizyè wonn ki pa janm kontre.

Ann fè l ansanm



– N ap fè espiral a dwat la pandan n ap di sa n ap fè a.
– Mwen fè yon pwen epi mwen vire men m a dwat pou m fè plizyè wonn ki pa janm kontre.

Se tou pa nou



– N ap fè espiral a dwat la pandan n ap di sa n ap fè a.
– Mwen fè yon pwen epi mwen vire men m a dwat pou m fè plizyè wonn ki pa janm kontre.

Aktivite 3

Kounye a nou pral fè espiral a goch sou kaye.

Tou pa m



– Mwen fè yon pwen epi mwen vire men m a goch pou m fè plizyè wonn ki pa janm kontre.

Ann fè l ansanm



– N ap fè espiral a goch la pandan n ap di sa n ap fè a.
– Mwen fè yon pwen epi mwen vire men m a goch pou m fè plizyè wonn ki pa janm kontre.

Se tou pa nou



– N ap fè espiral a goch la pandan n ap di sa n ap fè a.
– Mwen fè yon pwen epi mwen vire men m a goch pou m fè plizyè wonn ki pa janm kontre.

Aktivite 4

Egzèsis sou kaye.

[Mande timoun yo ouvri kaye yo nan paj 12.]

Fè yon liy espiral a dwat.

Fè yon liy espiral a goch.

Memwa (5 minit)

[Mèt la ap mande tout timoun yo ansanm :] Ki sa nou aprann jodi a ?

[Mèt la ap mande kèk timoun youn apre lòt :] Ki sa nou aprann jodi a ?

Timoun yo ap aprann fè liy an zigzag**Aktivite 1**

Timoun yo ap aprann fè liy an zigzag (20 minit)

Prezantasyon

[Fè desen yon liy an zigzag sou tablo a epi di:]

Sa a se yon liy an zigzag.

Jodi a nou pral aprann fè liy an zigzag nan lòt.

Tou pa m



– Mwen fè plizyè liy panche a dwat epi a goch ki kole youn nan lòt.

Ann fè l ansanm



– N ap fè liy an zigzag la pandan n ap di sa n ap fè a.
– Mwen fè plizyè liy panche a dwat epi a goch ki kole youn nan lòt.

Se tou pa nou



– N ap fè liy an zigzag la pandan n ap di sa n ap fè a.
– Mwen fè plizyè liy panche a dwat epi a goch ki kole youn nan lòt.

Aktivite 2

Travay sou kaye.

Kounye a nou pral aprann fè liy an zigzag sou kaye. (Paj 13)

Tou pa m



– Mwen fè plizyè liy panche a dwat epi a goch ki kole youn nan lòt.

Ann fè l ansanm



– N ap fè liy an zigzag la pandan n ap di sa n ap fè a.
– Mwen fè plizyè liy panche a dwat epi a goch ki kole youn nan lòt.

Se tou pa nou



– N ap fè liy an zigzag la pandan n ap di sa n ap fè a.
– Mwen fè plizyè liy panche a dwat epi a goch ki kole youn nan lòt.

Aktivite 3

Egzèsis sou kaye.

Fè sis liy an zigzag sou liy kaye a. (Paj 13)

Memwa (5 minit)

[Mèt la ap mande tout timoun yo ansanm:] Ki sa nou aprann jodi a?

[Mèt la ap mande kèk timoun youn apre lòt:] Ki sa nou aprann jodi a?

Timoun yo ap aprann fè koup**Aktivite 1****Timoun yo ap aprann fè koup (20 minit)**

Prezantasyon

[Fè desen yon koup tèt anba sou tablo a epi di :]

Sa a se yon koup tèt anba.

Jodi a nou pral aprann fè koup tèt anba nan lè.

Tou pa m

– Mwen fè yon pwen. Mwen monte mwen fè yon ti koube a dwat epi mwen desann.

Ann fè l ansanm

– N ap fè koup tèt anba pandan n ap di sa n ap fè a.
– Mwen fè yon pwen. Mwen monte mwen fè yon ti koube a dwat epi mwen desann.

Se tou pa nou

– N ap fè koup tèt anba la pandan n ap di sa n ap fè a.
– Mwen fè yon pwen. Mwen monte mwen fè yon ti koube a dwat epi mwen desann.

Aktivite 2*[Fè desen yon koup tèt anlè sou tablo a epi di :]**Tou pa m*

– Mwen fè yon pwen. Mwen desann mwen fè yon ti koup a dwat epi mwen vire monte.

Ann fè l ansanm

– N ap fè koup tèt anlè a pandan n ap di sa n ap fè a.
– Mwen fè yon pwen. Mwen desann mwen fè yon ti koup a dwat epi mwen vire monte.

Se tou pa nou

– N ap fè koup tèt anlè a pandan n ap di sa n ap fè a.
– Mwen fè yon pwen. Mwen desann mwen fè yon ti koup a dwat epi mwen vire monte.

Aktivite 3**Egzèsis sou kaye (Paj 14).**

Fè yon liy koup tèt anlè nan kaye a.

Fè yon liy koup tèt anba nan kaye a.

Memwa (5 minit)*[Mèt la ap mande tout timoun yo ansanm :] Ki sa nou aprann jodi a ?**[Mèt la ap mande kèk timoun youn apre lòt :] Ki sa nou aprann jodi a ?*

Timoun yo ap montre epi di ki desen ki menm ak sa ki pa menm**Aktivite 1****Revizyon : Timoun yo ap di non tout fòm yo lè yo mande yo (5 minit)***[Sèvi avèk po kaye a. Mande kèk timoun youn apre lòt pou yo di ki fòm ou montre a.]***Aktivite 2****Timoun yo ap di non desen ki nan liv lekti a (15 minit)**

Prezantasyon

*[Distribye liv lekti yo bay timoun yo epi di yo :] an nou vire paj yo youn apre lòt.**Aprè sa di yo : an nou gade chak paj ki a goch yo.**Tou pa m*

- [Mete dwèt ou sou desen zandolit la epi di :]
- Sa a se yon **zandolit**.
- [Mete dwèt ou sou desen palmis a epi di :]
- Sa a se yon **palmis**.
- [Mete dwèt ou sou desen bis a epi di :]
- Sa a se yon **bis**.

Ann fè l ansanm

- Lè mwen mete dwèt mwen sou yon desen, n ap di ki sa desen an ye.
- [Mete dwèt ou sou yon desen epi di.]
- Ki sa sa a ye?
- [Mèt la ak elèv yo reponn ansanm.]
- [Kontinye ak lòt desen yo.]

Se tou pa nou

- Lè mwen mete dwèt mwen sou yon desen, n ap di m ki sa desen an ye.
- [Mete dwèt ou sou yon desen epi di.]
- Ki sa sa a ye ?
- [Elèv yo reponn.]
- [Kontinye ak lòt desen yo.]

Tou pa m

- [Mete dwèt ou sou desen anana la epi di :]
- Sa a se yon **anana**.
- [Mete dwèt ou sou desen chat a epi di :]
- Sa a se yon **chat**.
- [Mete dwèt ou sou desen pwason a epi di :]
- Sa a se yon **pwason**.

Ann fè l ansanm

- Lè mwen mete dwèt mwen sou yon desen, n ap di ki sa desen an ye.
- [Mete dwèt ou sou yon desen epi di :]
- Ki sa sa a ye?
- [Mèt la ak elèv yo reponn ansanm.]
- [Kontinye ak lòt desen yo.]

Se tou pa nou

- Lè mwen mete dwèt mwen sou yon desen, n ap di m ki sa desen an ye.
- [Mete dwèt ou sou yon desen epi di :]
- Ki sa sa a ye ?
- [Elèv yo reponn.]
- [Kontinye ak lòt desen yo.]

Egzèsis sou kaye (Paj 15) (10 minit)**a. Egzèsis 1**

Timoun yo ap ansèkle chak gwoup desen ki menm (5 minit)
Mèt la bay timoun yo konsiy ki ekri nan kaye a nan paj 15.

b. Egzèsis 2

Timoun yo ap ansèkle desen ki menm ak modèl la (5 minit)
Mèt la bay timoun yo konsiy ki ekri nan kaye a nan paj 15.

c. Egzèsis 3

Timoun yo ap bare lèt ki menm avèk modèl yo (5 minit)
Mèt la bay timoun yo konsiy ki ekri nan kaye a nan paj 16.

d. Egzèsis 4

Timoun yo ap antoure gwoup lèt ki menm ak modèl la (10 minit)
Mèt la bay timoun yo konsiy ki ekri nan kaye a nan paj 16.

Memwa (5 minit)

[Mèt la ap mande tout timoun yo ansanm :] Ki sa nou aprann jodi a ?

[Mèt la ap mande kèk timoun youn apre lòt :] Ki sa nou aprann jodi a ?

Timoun yo ap rekonèt son ki menm ak son ki diferan**Aktivite 1****Revizyon : Timoun yo ap di ki son yo tande (5 minit)**

Mèt la ap fè plizyè son. Chak fwa timoun yo ap di ki sa ki fè son an etan je yo fèmen. Li kapab sèvi avèk : 2 men li, 2 pye li, 2 baton, yon tcha tcha, yon mamit l ap frape...

Aktivite 2**Timoun yo ap idantifye 2 son yo tande ki menm (15 minit)**

Kounye a nou pral idantifye son ki menm ak son ki diferan. Lè nou tande de son ki menm n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande de son ki diferan n ap mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- [Frape men w de fwa epi di :]
- 2 Son sa yo menm mwen leve pous mwen anlè.
- [Frape menw, apre frape biwo a epi di :]
- 2 Son sa yo pa men m mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Lè nou tande de son ki menm n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande de son ki diferan n ap mete pous nou tèt anba.
- [Frape biwo a de fwa.]
- [Mèt la ak elèv yo reponn pous yo.]
- [Frape boutèy la epi frape mamit la.]
- [Mèt la ak elèv yo reponn pous yo.]
- [Kontinye ak lòt egzanp.]

Se tou pa nou

- Lè nou tande de son ki menm n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande de son ki diferan n ap mete pous nou tèt anba.
- [Frape biwo a de fwa.]
- [Elèv yo reponn ak pous yo.]
- [Frape boutèy la epi frape mamit la.]
- [Elèv yo reponn ak pous yo.]
- [Kontinye ak lòt egzanp.]

Aktivite 3

Timoun yo pral fè son ki menm ak son ki diferan lè ou mande yo.

[Mande kèk timoun youn apre lòt pou yo fè 2 son ki men m oswa 2 son ki diferan.]

Aktivite 4**Egzèsis sou kaye (Paj 17)(15 minit)**

Mwen pral fè kèk son. Lè son yo menm n ap fè yon ti baton kanpe. Si yo diferan, n ap fè yon ti baton kouche.

Memwa (5 minit)

- [Mèt la ap mande tout timoun yo ansanm :] Ki sa nou aprann jodi a ?*
[Mèt la ap mande kèk timoun youn apre lòt :] Ki sa nou aprann jodi a ?

Timoun yo ap di lè yon moun oswa yon objè a goch oswa a dwat**Aktivite 1****Revizyon : Timoun yo ap montre bò dwat yo ak bò goch yo (5 minit)***[Mande timoun yo pou yo mete :]*

Bra dwat yo devan yo/pye goch yo dèyè yo/ men goch yo sou tèt yo/ pran kaye yo avèk men goch yo/ pran yon kreyon avèk men dwat yo.

Aktivite 2**Timoun yo ap di si yo a dwat oswa a goch yon lòt moun. (20 minit)***[Rele kèk elèv youn apre lòt. Mete yo chak a dwat oswa a goch ou epi mande :]*

Sou ki bò m ou ye la a ?

[Mande kèk timoun ki chita :] di m non timoun ki adwat ou a? / Di m non timoun ki agoch ou a ?*[Mande kèk timoun ki chita :]* ki kote _____ ye pa rapò a ou menm ?**Aktivite 3****Mèt la ap mande timoun yo mete yo a dwat o swa agoch yon moun oswa yon objè (20 minit)***[Mande kèk timoun youn apre lòt :]* kanpe adwat oswa agoch yon lòt elèv; adwat tablo a, agoch ban an.

Chak fwa timoun nan dwe di ki kote li ye. Egzanp : mwen adwat Jan, mwen agoch Renèt, mwen adwat tablo a.

Aktivite 4**Egzèsis sou kaye (10 minit)***[Mande timoun yo louvri kaye yo nan paj 18.]*

Fè yon wonn nan mitan paj la.

Fè yon kare a dwat wonn nan.

Fè yon triyang a goch wonn nan.

Fè yon ti baton kanpe a dwat triyang nan.

Fè yon ti baton kouche anlè kare a.

Fè yon kwa a goch kare a.

Fè yon ti baton panche anba wonn nan.

Memwa (5 minit)*[Mèt la ap mande tout timoun yo ansanm :]* Ki sa nou aprann jodi a ?*[Mèt la ap mande kèk timoun youn apre lòt :]* Ki sa nou aprann jodi a ?

Aktivite 1 Kontin

Dlo se lavi
Gade dlo, gade dlo,
Mezanmi dlo agogo
N ap plante banbou
Pou n pwoteje sous toupatou
Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **pous** nou sou desen **anana a**.
Mete **endèks** nou sou desen **avyon an**.
Mete **lorikilè** nou sou desen **asyèt la**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/a/**. Jodi a se son **/a/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- Son an se **/a/**.
- Premye mo a se **avyon**. Mo a kòmanse ak **/a/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **mou**. Mo sa a pa kòmanse ak **/a/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Son an se : **/a/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/a/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **asyèt**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **ajoute, anana**.

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/a/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **bebe**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **ak**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **elèv, chen, atè**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m 

- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **/a/**.

Ann fè l ansanm 

- Son lèt sa a se **/a/**.

Se tou pa nou 

- Son lèt sa a se : ... **/a/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **a**.

Ann fè l ansanm 

– Non lèt sa a se **a**.

Se tou pa nou 

– Non lèt sa a se **a**.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Panche a dwat. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rèd |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

Aktivite 5 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **a**. [Ekri lèt la sou tablo a.]

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]

Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li.

Ann fè l ansanm 

– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou].

Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li.

Se tou pa nou 

– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]

Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metè kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt **a** (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

Aktivite 6 **Vokabilè**

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : fleri

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **fleri** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **fleri** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **fleri vle di, ki gen flè oubyen ki gani ak flè.**
3. Kisa mo **fleri** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **fleri** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **fleri.** *[30 segonn]*

b. Dezyèm mo a se : nèf

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **nèf** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **nèf** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **nèf vle di, sa ki pako sèvi.**
3. Kisa mo **nèf** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **nèf** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **nèf.** *[30 segonn]*

Aktivite 7 **Prediksyon dapre desen**

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre desen.

[Montre desen an epi di.] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. *[30 segonn]*
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 8 Tande istwa

Kounye a mwen pral li istwa a. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

a. Premye jou lekòl

Lendi sa a, se premye jou lekòl. Tout bagay Ti Nini nèf. Tèt li fleri ak bèl barèt. Li mete bèl jip li ak chosèt volan li. Lè ti zanmi li yo wè li, yo chante : Men Ti Nini, tololo, men Ti Nini, tololo !

b. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive. Sa vle di: m ap li yon fraz pou nou. Nou menm, san nou pa pale, nou pral fè jès ki mache ak sa ki di nan fraz la a.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Li mete bèl jip li ak chosèt volan li.**

1. Tout moun mime fraz la.
2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

Aktivite 9 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. [Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]

Aktivite 10 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa l ap fè ?

Aktivite pou Ranfòse

Komanse-Fini

[Separa klas la an de gwoup.] Lè m di yon mo, bò goch la ap di m ki son ki kòmanse mo a. Bò dwat la ap di m ki son ki fini mo a.

Aktivite 1 Kontin

Dlo se lavi
 Gade dlo, gade dlo,
 Mezanmi dlo agogo
 N ap plante banbou
 Pou n pwoteje sous toupatou
 Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik**a. Rekonèt premye son**

Jodi a n ap kontinye ak son /a/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Son an se **/A/**.
- Premye mo a se **ale**. Mo a kòmanse ak **/A/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **manman**. Mo sa a pa kòmanse ak **/A/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Son an se **/A/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/A/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **abò**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp **tèt, anana**.

Se tou pa nou

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/A/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **pat**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **syèl**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **ak, atè**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la*Tou pa m*

- *[Montre lèt la epi di.]*
- Son lèt sa a se **/A/**.

Ann fè l ansanm

- Son lèt sa a se **/A/**.

Se tou pa nou

- Son lèt sa a se **/A/**.

b. Di non lèt la*Tou pa m*

- *[Montre lèt la epi di.]*
- Non lèt sa a se **A**.

Ann fè l ansanm

- Non lèt sa a se **A**.

Se tou pa nou

- Non lèt sa a se **A**.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rèd |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

Aktivite 4 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil a.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m



- *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lèt de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
- **Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li.**

Ann fè l ansanm



- *[Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]*
- **Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li.**

Se tou pa nou



- *[Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]*
- **Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li.**

Aktivite 5 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « A ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m



- *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lèt a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
- **Trase yon liy panche a goch. Kole l ak yon liy panche a dwat. Trase yon liy kouche nan mitan yo.**

Ann fè l ansanm



- *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]*
- **Trase yon liy panche a goch. Kole l ak yon liy panche a dwat. Trase yon liy kouche nan mitan yo.**

Se tou pa nou



- **Trase yon liy panche a goch. Kole l ak yon liy panche a dwat. Trase yon liy kouche nan mitan yo.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy panche a goch. Kole l ak yon liy panche a dwat. Trase yon liy kouche nan mitan yo.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil A.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Souke tèt nou. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

Aktivite 6 **Vokabilè**

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : syèl

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **syèl** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **syèl** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **syèl se espas ble ki sou tèt nou lè nou deyò. Li konn gen nyaj ak zetwal.**
3. Kisa mo **syèl** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **syèl** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **syèl**. [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : lanmè

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **lanmè** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **lanmè** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **lanmè se yon gran kantite dlo sale ki toupatou sou latè.**
3. Kisa mo **lanmè** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **lanmè** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **lanmè**. [30 segonn]

Aktivite 7 **Prediksyon dapre tit**

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre tit. [Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]

Tit istwa jodi a se : « **Yon apremidi** »

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 8 Tande istwa

Kounye a mwen pral li istwa a.

Yon apremidi

Papa Michèl mande li : « Kisa ou te aprann nan lekòl la jodi a? »

Michèl di : « Mwen te aprann koulè ». Papa a di : « Ki koulè syèl la? »

Michèl reponn : « Ni syèl la ni lanmè a ble. Epi pyebwa yo vèt. Mwen renmen lekòl epi mwen renmen koulè yo, papa ».

Aktivite 9 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. [*Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.*]

2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [*Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.*]

Aktivite 10 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

De kiyès istwa a pale ?

Ki sa Michèl te aprann lekòl la ?

Aktivite pou Ranfòse**Kontwole son**

Nou pral di mo ki gen son nou konnen yo.

Di yon mo ki gen yon sèl son /.../.

Di yon mo ki gen de son /.../.

Aktivite 1 Kontin

Dlo se lavi
Gade dlo, gade dlo,
Mezanmi dlo agogo
N ap plante banbou
Pou n pwoteje sous toupatou
Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Metè **lorikilè** nou sou desen **liv la**.
Metè **endèks** nou sou desen **lanp la**.
Metè **pous** nou sou desen **lapli a**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se // . Jodi a se son // nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- Son an se // .
- Premye mo a se **liv**. Mo a kòmanse ak // donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **avyon**. Mo sa a pa kòmanse ak // donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Son an se : // .
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak // nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **lapli**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **bèt, lekòl**.

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak // , nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **chen**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **leve**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **moun, zoranj, leti, li**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m



– Mo a se **lang**. Premye son an se : **/l/**.

Ann fè l ansanm



– Mo a se **lapli**. « Premye son » an se : **/l/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **anana, labou**.

Se tou pa nou



– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tandè : **lago, ala, atè, lou**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m



– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se **/l/**.

Ann fè l ansanm



– Son lèt sa a se **/l/**.

Se tou pa nou



– Son lèt sa a se : ... **/l/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m



– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **l**.

Ann fè l ansanm



– Non lèt sa a se **l**.

Se tou pa nou



– Non lèt sa a se **l**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Marye son yo pou fòm mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m



– **/l/ /a/ = la**

Ann fè l ansanm



– **/l/ /a/ = la**

Se tou pa nou



– **/l/ /a/ = la**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **al**.

c. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m



– /a/ /l/ /a/ = ala

Ann fè l ansanm



– /a/ /l/ /a/ = ala

Se tou pa nou



– /a/ /l/ /a/ = ala
– Ann kontinye ak lòt mo **al**.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]
Panche a dwat. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an]
Bwat aktivite revèy

1. Panche a dwat	6. Pliye kò nou
2. Panche a goch	7. Yon ti vole
3. Panche devan	8. Kanpe rèd
4. Kage sou do	9. Yon ti danse
5. Vire tèt ou a goch a dwat	10. Souke kò nou

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **l**. [Ekri lèt la sou tablo a.]

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m



– [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
Trase yon liy kanpe.

Ann fè l ansanm



– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
Trase yon liy kanpe.

Se tou pa nou



– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]
Trase yon liy kanpe.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt **a** (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifeye sa timoun yo ap fè.]
[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.
[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.



Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son


Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m 

– Mo kout la se : **la**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/l/ /a/

Ann fè l ansanm 

– Mo a se : **la**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/l/ /a/

Se tou pa nou 

– **la = /l/ /a/**
– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan lesan an] **al**.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m 

– Mo long lan se **ala**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/a/ /l/ /a/

Ann fè l ansanm 

– Mo long lan se **ala**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/a/ /l/ /a/

Se tou pa nou 

– **ala = /a/ /l/ /a/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **a, Lala**.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Souke tèt nou. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

Aktivite 8 Vokabilè

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : devore

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **devore** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **devore** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fdbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **devore vle di manje ak anpil fòs**.
3. Kisa mo **devore** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **devore** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **devore**. [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : glas

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **glas** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **glas** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **glas se yon bagay ki sèvi pou moun gade figi yo.**
3. Kisa mo **glas** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **glas** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **glas.**
[30 segonn]

Aktivite 9 Prediksyon dapre desen

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre desen.

- [Montre desen an epi di.]* Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.
1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. *[30 segonn]*
 2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
 3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?
[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Tande istwa

Kounye a mwen pral li istwa a. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

Bravo Manman Poul

Maten an, Konpè Chen sòti. Li di : « M pral devore yon manman poul. » Manman poul la tande sa. Li mete yon glas devan kay la. Konpè Chen rive, li wè yon lòt chen. Li tonbe jape glas la. Manman poul la tonbe ri konpè chen k ap jape tèt li.

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa manman poul te fè ?

Aktivite pou Ranfòse**Kanpe pou son an**

Nou pral fè yon bèl ti egzèsis. Lè mwen di yon mo ki gen son /.../, n ap kanpe, si li pa gen son an chita.

Aktivite 1 Kontin

Dlo se lavi
 Gade dlo, gade dlo,
 Mezanmi dlo agogo
 N ap plante banbou
 Pou n pwoteje sous toupatou
 Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Jodi a n ap kontinye ak son /L/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/L/**.
- Premye mo a se **lang**. Mo a kòmanse ak **/L/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **sik**. Mo sa a pa kòmanse ak **/L/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se **/L/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/L/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **lalin**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
mi, linèt.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/L/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **bato**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **la**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
dwèt, leve, boul, labou.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m



- Mo a se **lou**. Premye son an se : **/l/**.

Ann fè l ansanm



- Mo a se **li**. « Premye son » an se : **/l/**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
apa, lago.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **ala, lalin, lang.**

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m



- *[Montre lèt la epi di.]*
- Son lèt sa a se **/L/**.

Ann fè l ansanm



- Son lèt sa a se **/L/**.

Se tou pa nou



- Son lèt sa a se **/L/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m



- *[Montre lèt la epi di.]*
- Non lèt sa a se **L**.

Ann fè l ansanm



- Non lèt sa a se **L**.

Se tou pa nou



- Non lèt sa a se **L**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz**a. Li mo kout vit e byen**

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m 

– [Di] M ap li mo yo : **la, al.**

Ann fè l ansanm 

– **la, al**

Se tou pa nou 

– [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **la, al.**
– [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « L » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « L » la pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Panche a dwat. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rèd |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil l.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
– **Trase yon liy kanpe.**

Ann fè l ansanm 

– [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
– **Trase yon liy kanpe.**

Se tou pa nou 

– [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
– **Trase yon liy kanpe.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe.**

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « L ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m



- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy kanpe. Nan pwent anba a, trase yon liy kouche.**

Ann fè l ansanm



- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy kanpe. Nan pwent anba a, trase yon liy kouche.**

Se tou pa nou



- **Trase yon liy kanpe. Nan pwent anba a, trase yon liy kouche.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Nan pwent anba a, trase yon liy kouche.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metè kaye nou devan nou. **Ouvè kaye a nan lèt majiskil L.**

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m



- Mo a se : **la.**
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm



- Mo a se : **la.**
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou



- Mo a se : **la.**
- Ekri mo a.
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen] **al, a.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Souke tèt nou. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

Aktivite 7 Vokabilè

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : match

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **match** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **match** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **match vle di jwèt ant de ekip.**
3. Kisa mo **match** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **match** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **match**. [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : gòl

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **gòl** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **gòl** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **gòl se lè yon ekip make pwen nan jwèt boul.**
3. Kisa mo **gòl** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **gòl** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **gòl**. [30 segonn]

Aktivite 8 Prediksyon dapre tit

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre tit. [Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]

Tit istwa jodi a se : « **Men Foutbòl** »
 Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ?
 [Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 9 Tande istwa

Kounye a mwen pral li istwa a.

a. Men Foutbòl

Apremidi rive. Plit ! Abit la soufle. Match la kòmanse. Teren an chofe. Balon santre, Fefe trible, li choute. Li fè yon bèl gòl. Li danse. Ekip la kale. Tout moun rele : « Viv Fefe ! »

b. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive. Sa vle di: m ap li yon fraz pou nou. Nou menm, san nou pa pale, nou pral fè jès ki mache ak sa ki di nan fraz la a.

- Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Balon santre, Fefe trible, li choute.**
- 1. Tout moun mime fraz la.
- 2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

Aktivite 10 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. [Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]

Aktivite 11 **Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn**

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

De kiyès istwa a pale ?
Ki sa l ap fè ?

Aktivite pou Ranfòse**Jwe ak mo**

[Ekri tout son nou wè deja yo sou tablo a. Fòme yon gwoup 6 elèv. Mande premye elèv la pou l di yon non moun ak yon non machandiz ki kòmanse ak premye son an. Mande lòt elèv yo kontinye fè menm egzèsis la san yo pa repete yon non ki di deja. Lè yon moun pèdi li pral chita epi lòt yo ap kontinye ak pwochen son an. Moun ki rete an dènye a ap genyen.]

Aktivite 1 Kontin

Fanmi m

Fanmi m se pa m

Mannman m, papa m

Kenbe men m pou m grandi

Frè m ak sè m

Toujou fè m ri

Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik : Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m

– Son nan premye mo a se **/l/ /a/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **la**.

Ann fè l ansanm

– Son nan mo a se : **/l/ /a/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **la**.

Se tou pa nou

– Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
– Son nan mo a se : **/a/ /l/ /a/**.
– Ki mo li ye? [Elèv yo di : **ala**.]

Aktivite 3 Di non lèt ki nan yon mo

[Ekri 2 ou 3 mo ki nan lesan sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rès lèt yo.]

Aktivite 4 Lekti mo (nan liv la)**a. Lekti an gwoup**

Kounye a nou pral li nan liv la. Fè elèv yo ouvè liv la nan paj revizyon « **A ak L** » la. Mete yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li fò. [Pa egzanp, chak ranje, ti fi/ti gason, moun a dwat/moun a goch.]

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Panche a dwat. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat.]

Pwofesè a ka fè kèk lòt epi l ap tounen nan pwochen aktivite ansèyman.

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rèd |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

b. Li istwa

Anseyan an ap mande elèv yo li istwa « Lala » pou kont yo.

Evalyasyon**NOTE:**

- *Nan moman sa a nou kapab mande elèv yo kontinye li menm istwa a. Nou kapab pwofite moman sa a pou nou fè evalyasyon endi-vidyèl pou elèv yo. Nou ka mande elèv yo li apeprè senk mo pou kont yo. Pa swiv prezantasyon mo yo nan liv la. Chwazi mo yo nan toulede leson yo, nan diferan liy pou chak timoun. Ede elèv la korije erè li yo. Apre li fini, note nan kaye ou konbyen mo elèv la li byen. Pa egzanp : 4/5. Si tout elèv pa gen tan li pou ou, asire ou sa ki pa li pou ou jodi a ap li pou ou semenn pwochenn (nan jou revizyon an).*
- *Si elèv yo pa li byen, mande yo li son lèt yo ba ou. Fè yon revizyon son elèv la pa konnen. Si gen anpil elèv ki pa konnen yon son, fè leson an ankò pou klas la. Si yo konnen son yo, men yo pa ka li, chèche konnen ki bò yo kole.*

Aktivite 1 Kontin

Fanmi m
Fanmi m se pa m
Mannman m, papa m
Kenbe men m pou m grandi
Frè m ak sè m
Toujou fè m ri
Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **endèks** nou sou desen **pilon an**.
Mete **pous** nou sou desen **inifòm nan**.
Mete **lorikilè** nou sou desen **izin nan**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo la ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande plis nan twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/i/**. Jodi a se son **/i/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/i/**.
- Premye mo a se **inifòm**. Mo a kòmanse ak **/i/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **lou**. Mo sa a pa kòmanse ak **/i/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se : **/i/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/i/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **izin**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **istwa, imid, initil**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/i/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **bebe**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **inè**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **leti, itil, izin, lago**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m

– Mo a se **itil**. Premye son an se : **/i/**.

Ann fè l ansanm

– Mo a se **imite**. « Premye son » an se : **/i/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **inosan, ala**.

Se tou pa nou

– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tandè : **imid, lang, ala, inite**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se **/i/**.

Ann fè l ansanm

– Son lèt sa a se **/i/**.

Se tou pa nou

– Son lèt sa a se : ... **/i/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **i**.

Ann fè l ansanm

– Non lèt sa a se **i**.

Se tou pa nou

– Non lèt sa a se **i**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « i » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m

– **/l/ /i/ = li**

Ann fè l ansanm

– **/l/ /i/ = li**

Se tou pa nou

– **/l/ /i/ = li**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **la**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « i » a pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòmè mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /l/ /i/ /l/ /a/ = lila

Ann fè l ansanm 

– /l/ /i/ /l/ /a/ = lila

Se tou pa nou 

– /l/ /i/ /l/ /a/ = lila
– Ann kontinye ak lòt mo **ala, li, Lili, Ali.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **i**. *[Ekri lèt la sou tablo a.]*

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
Trase yon liy kanpe. Leve men. Fè yon pwen.

Ann fè l ansanm 

– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]*
Trase yon liy kanpe. Leve men. Fè yon pwen.

Se tou pa nou 

– *[Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]*
Trase yon liy kanpe. Leve men. Fè yon pwen.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Leve men. Fè yon pwen.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt **i** (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. *[Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]*

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m



– Mo kout la se : **li**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/l/ /i/

Ann fè l ansanm



– Mo a se : **li**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/l/ /i/

Se tou pa nou



– **li = /l/ /i/**
– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan lesan an]
la.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m



– Mo long lan se **ala**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/a/ /l/ /a/

Ann fè l ansanm



– Mo long lan se **ala**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/a/ /l/ /a/

Se tou pa nou



– **ala = /a/ /l/ /a/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **Ali, Lila.**

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

L

Aktivite 8 Vokabilè

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : kap

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **kap** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **kap** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fdbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **kap se yon jwèt ki fèt pou moun voye li monte anlè gras ak van.**
3. Kisa mo **kap** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **kap** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **kap**. [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : tonton

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **tonton** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **tonton** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fdbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **tonton vle di frè manman oswa frè papa.**
3. Kisa mo **tonton** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **tonton** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **tonton**. [30 segonn]

Aktivite 9 Prediksyon daprè desen

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon daprè desen oswa daprè tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon daprè desen.

[Montre desen an epi di.] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. [30 segonn]

2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [30 segonn]

3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Tande istwa

Kounye a mwen pral li istwa a. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

Monte Kap

Jodi a, Tonton Jan bay Wowo yon kap. Wowo kontan. Li gen yon bèl kap. Li bezwen monte li. Pa gen van. Li pran chante : « Van vini, vini, m a ba ou bonbon ! » Yon gwo van pase. Wowo bay kap la fil jiskaske li monte byen wo.

Aktivite 11 Verifye prediksyon

a. Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. [Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]

2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]

b. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive. Sa vle di: m ap li yon fraz pou nou. Nou menm, san nou pa pale, nou pral fè jès ki mache ak sa ki di nan fraz la a.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Wowo bay kap la fil jiskaske li monte byen wo.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kiyès istwa a pale ?

2. Ki sa l ap fè ?

Aktivite pou Ranfòse

Rive jwenn zetwal yo

Segmantasyon son

Materyèl : Foto oswa desen oswa objè ki gen twa ou kat son.

Kouman pou fè sa :

1. *Mande elèv yo chita an won.*
2. *Montre yo youn nan imaj yo.*
3. *Mande yon volontè pou li idantifye sa ki sou imaj la epi pou l kase mo a son pa son. Pa egzanp, si mo a se « tèt », timoun nan dwe di « /t/ /è/ /t/. »*
Nòt : Si elèv yo pa konn non objè a, di yo non li. [Se pa yon tès vokabilè.]
4. *Mande yon dezyèm volontè di konbyen son ki nan mo a.*
5. *Mande yon twazyèm volontè pou l pran yon zetwal nan syèl la pou chak son ki nan mo a [Pou l fè sa, timoun nan ap vole pou l fè kòm si l ap atrap yon zetwal pou chak son ki nan mo a].*
6. *Kontinye egzèsis la ak lòt imaj pou plis elèv ka gen chans pou vole jwenn zetwal yo.*

Aktivite 1**Kontin**

Fanmi m

Fanmi m se pa m

Mannman m, papa m

Kenbe men m pou m grandi

Frè m ak sè m

Toujou fè m ri

Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2**Konsyans Fonemik****a. Rekonèt premye son**

Jodi a n ap kontinye ak son /i/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/i/**.
- Premye mo a se **inifòm**. Mo a kòmanse ak **/i/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **lou**. Mo sa a pa kòmanse ak **/i/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se **/i/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/i/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **izin**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **istwa, imid**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/i/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **initil**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **bebe**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **inè, leti, itil, izin, lago**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « Premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m



- Mo a se **itil**. Premye son an se : **/i/**.

Ann fè l ansanm



- Mo a se **imite**. « Premye son » an se : **/i/**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **inosan, ala**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **imid, lang, ala, inite**.

Aktivite 3**Aprann son ak non yon lèt**

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m



- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **/i/**.

Ann fè l ansanm



- Son lèt sa a se **/i/**.

Se tou pa nou



- Son lèt sa a se **/i/**.



b. Di non lèt la

Tou pa m 

- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **I**.

Ann fè l ansanm 

- Non lèt sa a se **I**.

Se tou pa nou 

- Non lèt sa a se **I**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen


Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m 

- [Di] M ap li mo yo : **a, al, la, li.**

Ann fè l ansanm 

- **a, al, la, li**

Se tou pa nou 

- [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **a, al, la, li.**
- [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « I » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « I » a pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Souke tèt nou. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil i.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy kanpe. Leve men. Fè yon pwen.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy kanpe. Leve men. Fè yon pwen.**

Se tou pa nou 

- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Trase yon liy kanpe. Leve men. Fè yon pwen.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Leve men. Fè yon pwen.**

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « I ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy kanpe, trase de liy kouche tou kout, sou tèt li ak anba li.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy kanpe, trase de liy kouche tou kout, sou tèt li ak anba li.**

Se tou pa nou 

- **Trase yon liy kanpe, trase de liy kouche tou kout, sou tèt li ak anba li.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe, trase de liy kouche tou kout, sou tèt li ak anba li.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil I.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m 

- Mo a se : **li.**
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm 

- Mo a se : **li.**
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou 

- Mo a se : **li.**
- Ekri mo a.
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
- **al, a, la.**

Aktivite revèy**Jwe ak lèt**

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

L



Aktivite 7 Vokabilè

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : vwal

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **vwal** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **vwal** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **vwal se yon gwo moso twal byen laj, byen solid ki ede bato deplase sou lanmè gras ak van.**
3. Kisa mo **vwal** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **vwal** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **vwal**. *[30 segonn]*

b. Dezyèm mo a se : pechè

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **pechè** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **pechè** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **pechè vle di, moun ki al kenbe pwason nan lanmè oswa nan rivyè.**
3. Kisa mo **pechè** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **pechè** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **pechè**. *[30 segonn]*

Aktivite 8 Prediksyon dapre tit

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre tit. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]*

Tit istwa jodi a se : « **Vwalye** »
 Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ?
[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 9 Tande istwa

Kounye a mwen pral li istwa a.

a. Vwalye

Dimanch pase, m te monte sou yon vwalye. Yon vwalye se yon bato ki gen vwal. Lè li sou dlo li lejè tankou pay. Tout ti van pouse l ale. Li glise sou lanmè a san fè bri. Se pou sa tout moun renmen monte li. Yo sèvi avè l pou vwayaje, pou peche, pou pwomennen. M te kontan pwomennen sou lanmè ak yon pechè.

b. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive. Sa vle di: m ap li yon fraz pou nou. Nou menm, san nou pa pale, nou pral fè jès ki mache ak sa ki di nan fraz la a.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Yo sèvi avè l pou vwayaje, pou peche, pou pwomennen.**

1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite 10 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. [*Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.*]
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [*Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.*]

Aktivite 11 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kisa istwa a pale ?
2. Ki sa l ap fè ?

Aktivite pou Ranfòse**Vokabilè : Di non epi dekri**

Ou ka bati vokabilè elèv yo ak kapasite deskripsyon yo nan leson ki santre sou di non ak dekri.

Kouman pou fè sa :

1. *Kòmanse pa chwazi yon tèm oswa yon sijè pou nou travay. Brase lide oswa di non objè ki gen rapò ak tèm lan. Pa egzanp, si tèm nan se manje, elèv yo ka di non mango, sereyal, ak pwason.*
2. *Epi ede elèv yo di non objè sa yo pa kategori. Ki sa ki fwi, legim, vyann, elatriye ?*
3. *Finalman, mande elèv yo di non objè sa yo selon kalite yo. Nan ka sa a, ki sa ki dous, ki sa ki sale, ki sa ki si ?*

Aktivite 1 Kontin

Fanmi m
Fanmi m se pa m
Mannman m, papa m
Kenbe men m pou m grandi
Frè m ak sè m
Toujou fè m ri
Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **endèks** nou sou desen **parapli a**.

Mete **lorikilè** nou sou desen **peny a**.

Mete **pous** nou sou desen **pil yo**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.]. Son an se /p/. Jodi a se son /p/ nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se /p/.
- Premye mo a se **pil**. Mo a kòmanse ak /p/ donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **lou**. Mo sa a pa kòmanse ak /p/ donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se : /p/.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak /p/ nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **parapli**. [Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **yon, pip, peny**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak /p/, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **inite**. [Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **pini**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **leti, papa, pati, lago**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m 

– Mo a se **pen**. Premye son an se : **/p/**.

Ann fè l ansanm 

– Mo a se **pini**. « Premye son » an se : **/p/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **lan, inè**.

Se tou pa nou 

– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tandè : **imid, piman, lang, pip**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se **/p/**.

Ann fè l ansanm 

– Son lèt sa a se **/p/**.

Se tou pa nou 

– Son lèt sa a se : ... **/p/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **p**.

Ann fè l ansanm 

– Non lèt sa a se **p**.

Se tou pa nou 

– Non lèt sa a se **p**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « p » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– **/p/ /a/ = pa**

Ann fè l ansanm 

– **/p/ /a/ = pa**

Se tou pa nou 

– **/p/ /a/ = pa**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **pi, ap**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « p » la pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /p/ /a/ /p/ /i/ = **papi**

Ann fè l ansanm 

– /p/ /a/ /p/ /i/ = **papi**

Se tou pa nou 

– /p/ /a/ /p/ /i/ = **papi**
– Ann kontinye ak lòt mo **apa, papa.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **p**. *[Ekri lèt la sou tablo a.]*

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
Trase yon liy kanpe desann. Sou bò dwat liy nan, trase yon wonn.

Ann fè l ansanm 

– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]*
Trase yon liy kanpe desann. Sou bò dwat liy nan, trase yon wonn.

Se tou pa nou 

– *[Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]*
Trase yon liy kanpe desann. Sou bò dwat liy nan, trase yon wonn.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe desann. Sou bò dwat liy nan, trase yon wonn.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt **p** (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. *[Mèt la ap pase verifeye sa timoun yo ap fè.]*

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m



– Mo kout la se : **pi**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/p/ /i/

Ann fè l ansanm



– Mo a se : **pi**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/p/ /i/

Se tou pa nou



– **pi = /p/ /i/**
– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan lesan an]
pa, pil.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m



– Mo long lan se **papa**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/p/ /a/ /p/ /a/

Ann fè l ansanm



– Mo long lan se **papa**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/p/ /a/ /p/ /a/

Se tou pa nou



– **papa = /p/ /a/ /p/ /a/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **papi, lapli.**

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

L ; P

Aktivite 8 Prediksyon dapre desen

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre desen.

[Montre desen an epi di.] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. [30 segonn]

2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [30 segonn]

3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 9 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

Lala ap li

Papa Lala la. Lala ap li.

Aktivite 10 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. [Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]

Aktivite 11 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa l ap fè ?

Aktivite pou Ranfòse

Koupe fraz

Pou ki sa : Konesans lèt enprime, prensip alfabetik.

Materyèl : Yon fraz nou abitye ki ekri sou yon fèy papye ki long.

Kouman pou fè sa :

1. Li yon fraz yo abitye pou elèv yo fò.
Egzanp : « Non mwen se Jozèf. »
2. Li fraz la ansanm. Lonje dwèt ou sou mo yo pandan w ap li.
3. Apre koupe fraz la mo pa mo.
4. Mande elèv yo pou yo fòme fraz la ankò.
5. Sipòte elèv yo ak kòmantè tankou :
Ki son ou tande nan kòmansman mo Jozèf la? [Tann yon repons.]
Ki lèt ki fè son sa ? [Tann yon repons.]
Kote mo ki kòmanse ak lèt sa ? [Tann yon repons.]
Ki mo ki kòmanse ak lèt sa ? [Tann yon repons.]

Aktivite 1 Kontin

Fanmi m

Fanmi m se pa m

Mannman m, papa m

Kenbe men m pou m grandi

Frè m ak sè m

Toujou fè m ri

Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik**a. Rekonèt premye son**

Jodi a n ap kontinye ak son /p/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/P/**.
- Premye mo a se **pil**. Mo a kòmanse ak **/P/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **ke**. Mo sa a pa kòmanse ak **/P/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se **/P/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/P/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **parapli**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp **men, pip**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/P/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **peny**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **inite**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **pini, gou, poul, pati, lago**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « Premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m



- Mo a se **piti**. Premye son an se : **/p/**.

Ann fè l ansanm



- Mo a se **pini**. « premye son » an se : **/p/**
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **lan, inè**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **pap, imid, piman, lang, pip**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m



- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **/P/**.

Ann fè l ansanm



- Son lèt sa a se **/P/**.

Se tou pa nou



- Son lèt sa a se **/P/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **P**.

Ann fè l ansanm 

- Non lèt sa a se **P**.

Se tou pa nou 

- Non lèt sa a se **P**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m 

- [Di] M ap li mo yo : **pa, pip, pil, ap, pi.**

Ann fè l ansanm 

- **pa, pip, pil, ap, pi**

Se tou pa nou 

- [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout leson an] **pa, pip, pil, ap, pi.**
- [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « P » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « P » la pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Souke tèt nou. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **p**.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy kanpe desann. Sou bò dwat liy nan, trase yon wonn.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy kanpe desann. Sou bò dwat liy nan, trase yon wonn.**

Se tou pa nou 

- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Trase yon liy kanpe desann. Sou bò dwat liy nan, trase yon wonn.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe desann. Sou bò dwat liy nan, trase yon wonn.**

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « P ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
– **Trase yon liy kanpe. Leve men. Trase yon koub adwat ki rive nan mitan liy kanpe a.**

Ann fè l ansanm 

– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
– **Trase yon liy kanpe. Leve men. Trase yon koub adwat ki rive nan mitan liy kanpe a.**

Se tou pa nou 

– **Trase yon liy kanpe. Leve men. Trase yon koub adwat ki rive nan mitan liy kanpe a.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Leve men. Trase yon koub adwat ki rive nan mitan liy kanpe a.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil P.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m 

– Mo a se : **pa.**
– Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm 

– Mo a se : **li.**
– Ann ekri mo a.

Se tou pa nou 

– Mo a se : **pip.**
– Ekri mo a.
– Ann kontinye ak kèk lòt egzàn : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
la, papa.

Aktivite revèy**Jwe ak lèt**

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

L ; P

Aktivite 7 Vokabilè

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : tchatcha

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **tchatcha** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **tchatcha** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **tchatcha se yon enstriman mizik ki fèt ak yon ti kalbas ki gen gren ladann.**
3. Kisa mo **tchatcha** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **tchatcha** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **tchatcha.** *[30 segonn]*

b. Dezyèm mo a se : gete

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **gete** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **gete** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **gete se yon ekspresyon kè kontan.**
3. Kisa mo **gete** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **gete** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **gete.** *[30 segonn]*

Aktivite 8 Prediksyon dapre tit

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre tit. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]*

- Tit istwa jodi a se : « **Keyi kokoye** »
 Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ?
[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 9 Tande istwa

Kounye a mwen pral li istwa a.

a. Kanaval

Nan mwa fevriye gen fèt kanaval. Ala bèl fèt se kanaval ! Moun yo abiye tout koulè. Yo souke tchatcha, yo bat tanbou, yo chante, yo danse. Sa fè mwen renmen kanaval, se gete, se chalè. Viv Kanaval !

b. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive. Sa vle di: m ap li yon fraz pou nou. Nou menm, san nou pa pale, nou pral fè jès ki mache ak sa ki di nan fraz la a.

- Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Yo souke tchatcha, yo bat tanbou, yo chante, yo danse.**
1. Tout moun mime fraz la.
 2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite 10 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. [*Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.*]
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [*Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.*]

Aktivite 11 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kisa istwa a pale ?
2. Kisa moun yo fè ?

Aktivite pou Ranfòse**Simon Di**

Sèvi ak : *Konesans Alfabè*

Materials : *Kat oubyen bout papye ki gen lèt sou yo pou 3 a 4 elèv pataje.*

Kouman pou fè sa :

1. *Divize elèv yo an gwoup 3 ou 4 elèv pou yo travay.*
2. *Mande chak gwoup pou yon elèv pran kat ki gen lèt pa li yo pou gwoup la sèvi.*
3. *Sèvi ak lòd Simon Di konsa :*
 - « *Simon di, touche lèt F la ak pous nou.* »
 - « *Simon di, mete lèt S la atè.* »
 - « *Simon di, montre moun ki agoch ou a lèt D a.* »
4. *Si yon elèv fè yon erè tankou sèvi ak move lèt la oswa fè move jès la, ekip la elimine.*
5. *Dènye ekip ki rete a, se li ki genyen.*

Nòt : Pandan y ap bay lòd Simon Di a, pwofesè yo ta dwe fè sa lòd la di a. Sa ap kore devlopman langaj elèv yo.

Aktivite 1 Kontin

Fanmi m
 Fanmi m se pa m
 Mannman m, papa m
 Kenbe men m pou m grandi
 Frè m ak sè m
 Toujou fè m ri
 Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik : Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m



- Son nan premye mo a se **/l/ /i/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a : **li**.
- Son nan yon lòt mo se : **/p/ /a/ /p/ /a/**.
- Ki mo li ye ? **papa**

Ann fè l ansanm



- Son nan mo a se : **/p/ /i/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a : **pi**.
- Son nan yon lòt mo se : **/l/ /i/ /l/ /a/**.
- Ki mo li ye ? **lila**
- Yon lòt ankò : **/a/ /p/ /i/**.
- Ki mo li ye ? **api**

Se tou pa nou



- Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
- Son nan mo a se : **/a/ /l/ /a/**.
- Ki mo li ye? [Elèv yo di : **ala**.]
- Yon lòt ankò : **/l/ /a/ /p/ /l/ /i/**.
- Ki mo li ye ? [Elèv yo di : **lapli**.]

Aktivite 3 Konsyans Fonemik : Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m



- Mo a se **papi**.
- M ap di tout son yo : **/p/ /a/ /p/ /i/**.

Ann fè l ansanm



- Mo a se **api**.
- Ann di tout son yo **/a/ /p/ /i/**.
- Yon lòt mo **pip**.
- Ann di son yo **/p/ /i/ /p/**.

Se tou pa nou



- Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **lila, lapli**.

Aktivite 4 Di non lèt ki nan yon mo

[Ekri 2 ou 3 mo ki nan leson sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rès lèt yo.]

Aktivite 5 Jwenn son nan mo

Ouvri liv nou nan paj revizyon an. Kounye a, mwen pral di yon son. N ap chèche yon mo ki gen son an ladan l. N ap mete dwèt nou anba mo a. Son an se _____.

[Chwazi son yo an dezòd. Apre ou fin di yon premye son, mande kèk elèv ki mo yo jwenn ki gen son an. Chak elèv dwe bay yon nouvo mo. Kontinye ak lòt son nou wè deja.]

Aktivite 6 **Lekti mo (nan liv la)****a. Lekti an gwoup**

Kounye a nou pral li nan liv la. Fè elèv yo ouvè liv la nan paj revizyon « I ak P » a. Mete yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li fò. [Pa egzanp, chak ranje, ti fi/ti gason, moun a dwat/moun a goch.]

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Souke tèt nou. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou.]

Pwofesè a ka fè kèk lòt mouvman epi l ap tounen nan pwochen aktivite ansèyman.

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

b. Li istwa

Anseyan an ap mande elèv yo li istwa « Lili » pou kont yo.

Evalyasyon**NOTE:**

- Nan moman sa a nou kapab mande elèv yo kontinye li menm istwa a. Nou kapab pwofite moman sa a pou nou fè evalyasyon endividyèl pou elèv yo. Nou ka mande elèv yo li apeprè senk mo pou kont yo. Pa swiv prezantasyon mo yo nan liv la. Chwazi mo yo nan toulede leson yo, nan diferan liy pou chak timoun. Ede elèv la korije erè li yo. Apre li fini, note nan kaye ou konbyen mo elèv la li byen. Pa egzanp : 4/5. Si tout elèv pa gen tan li pou ou, asire ou sa ki pa li pou ou jodi a ap li pou ou semenn pwochenn (nan jou revizyon an).
- Si elèv yo pa li byen, mande yo li son lèt yo ba ou. Fè yon revizyon son elèv la pa konnen. Si gen anpil elèv ki pa konnen yon son, fè leson an ankò pou klas la. Si yo konnen son yo, men yo pa ka li, chèche konnen ki bò yo kole.

Aktivite 1 Kontin

Lapwòpte
Tout moun pote kole
Pou n fè lapwòpte
N ap wouze, bale
N ap pwopte lari,
N ap netwaye tout mi,
N ap jete fatra nan poubèl,
pou katye n pi bèl.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **lorikilè** nou sou desen **elikoptè a**.
Mete **endèks** nou sou desen **elèv yo**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/e/**. Jodi a se son **/e/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son


Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- Son an se **/e/**.
- Premye mo a se **elèv**. Mo a kòmanse ak **/e/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **pou**. Mo sa a pa kòmanse ak **/e/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Son an se : **/e/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/e/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **bra**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **eple, chante, elefan.**

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/e/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **eskalye**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **dan**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **milèt, ekri, ede.**

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m

– Mo a se **epi**. Premye son an se : **/e/**.

Ann fè l ansanm

– Mo a se **elastik**.
« Premye son » an se : **/e/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp :
ban, espò.

Se tou pa nou

– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tandè : **epa, pyebwa, lanmè, elikoptè**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se **/e/**.

Ann fè l ansanm

– Son lèt sa a se **/e/**.

Se tou pa nou

– Son lèt sa a se : ... **/e/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **e**.

Ann fè l ansanm

– Non lèt sa a se **e**.

Se tou pa nou

– Non lèt sa a se **e**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « e » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m

– **/e/ /p/ /i/ = epi**

Ann fè l ansanm

– **/e/ /p/ /i/ = epi**

Se tou pa nou

– **/e/ /p/ /i/ = epi**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **epa, pe**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « e » la pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m



– /e/ /p/ /a/ = **epa**

Ann fè l ansanm



– /e/ /p/ /a/ = **epa**

Se tou pa nou



– /e/ /p/ /a/ = **epa**
– Ann kontinye ak lòt mo **pile, pale.**

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

L ; P

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **e**. [Ekri lèt y sou tablo a.]

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m



– [Ekri lèt y ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]

Trase yon wonn ki pa fèmen sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmen an, trase yon liy kouche nan mitan.

Ann fè l ansanm



– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]

Trase yon wonn ki pa fèmen sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmen an, trase yon liy kouche nan mitan.

Se tou pa nou



– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]

Trase yon wonn ki pa fèmen sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmen an, trase yon liy kouche nan mitan.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon wonn ki pa fèmen sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmen an, trase yon liy kouche nan mitan.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt **e** (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwent ti pwent yo.] Trase sou lèt an ti pwent ti pwent yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m



– Mo kout la se : **pe**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/p/ /e/

Ann fè l ansanm



– Mo a se : **pe**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/p/ /e/

Se tou pa nou



– **pe = /p/ /e/**
– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an] **le**.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m



– Mo long lan se **epi**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/e/ /p/ /i/

Ann fè l ansanm



– Mo long lan se **epi**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/e/ /p/ /i/

Se tou pa nou



– **epi = /e/ /p/ /i/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **eple, pele**.

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. [Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]

Aktivite 8 Vokabilè

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : bourik

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **bourik** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **bourik** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **bourik se yon bèt ki ede moun pote chay**.
3. Kisa mo **bourik** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **bourik** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **bourik**. [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : zèb

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **zèb** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **zèb** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **zèb vle di plant sovaj ki pouse nan raje**.
3. Kisa mo **zèb** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **zèb** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **zèb**. [30 segonn]

Aktivite 9 Prediksyon daprè desen

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon daprè desen oswa daprè tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon daprè desen.

[Montre desen an epi di.] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. [30 segonn]

2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [30 segonn]

3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Tande istwa

Kounye a mwen pral li istwa a. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

Bourik Klodi a

Klodi se yon ti gason. Li gen yon ti bourik. Chak jou, avan Klodi al lekòl, l al chanje ti bourik la. Li mete li yon kote pou li ka manje zèb. Depi ti bourik la wè Klodi, l ap monte desann : « Yihan, Yihan »

b. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive. Sa vle di: m ap li yon fraz pou nou. Nou menm, san nou pa pale, nou pral fè jès ki mache ak sa ki di nan fraz la a.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Chak jou, avan Klodi al lekòl, l al chanje ti bourik la.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. [Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]

2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kiyès istwa a pale ?

2. Ki sa l ap fè ?

Aktivite pou Ranfòse

Mo pa janm fini

Pwofesè a ap di yon fraz epi l ap mande elèv yo reprann menm fraz la. Men chak fwa yon elèv di fraz la l ap chanje mo pwofesè a mande l la.

Egzanp : Mariz ak Filip konn **sote**. [Elèv yo ap chanje **sote** ak yon lòt vèb ; yo ka di : **jwe, li, etidye, chante, kouri, elatriye**]

Aktivite 1 Kontin

Lapwòpte

Tout moun pote kole

Pou n fè lapwòpte

N ap wouze, bale

N ap pwopte lari,

N ap netwaye tout mi,

N ap jete fatra nan poubèl,

pou katye n pi bèl.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik**a. Rekonèt premye son**

Jodi a n ap kontinye ak son /e/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Son an se **/E/**.
- Premye mo a se **epi**. Mo a kòmanse ak **/E/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **ban**. Mo sa a pa kòmanse ak **/E/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Son an se **/E/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/E/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **elastik**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp **fèt, espò**.

Se tou pa nou

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/E/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **epa**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **mouye**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **gade, elikoptè, machin, elefan**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m

- Mo a se **epi**. Premye son an se : **/e/**.

Ann fè l ansanm

- Mo a se **ekri**. « Premye son » an se : **/e/**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **gato, moto**.

Se tou pa nou

- Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tandè : **tablo, eskalye, ede, soulye**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la*Tou pa m*

- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **/E/**.

Ann fè l ansanm

- Son lèt sa a se **/E/**.

Se tou pa nou

- Son lèt sa a se **/E/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **E**.

Ann fè l ansanm 

- Non lèt sa a se **E**.

Se tou pa nou 

- Non lèt sa a se **E**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen


Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m 

- [Di] M ap li mo yo : **e, pe, le**.

Ann fè l ansanm 

- **e, pe, le**

Se tou pa nou 

- [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **e, pe, le**.
- [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « E » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « E » la pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

L ; P

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **e**.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt y ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon wonn ki pa fèmèn sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmèn an, trase yon liy kouche nan mitan.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Trase yon wonn ki pa fèmèn sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmèn an, trase yon liy kouche nan mitan.**

Se tou pa nou 

- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Trase yon wonn ki pa fèmèn sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmèn an, trase yon liy kouche nan mitan.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon wonn ki pa fèmèn sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmèn an, trase yon liy kouche nan mitan.**

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « E ».

a. Ekri lèt ak dwèt*Tou pa m*

- [Ekri lèt Y ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy kanpe. Trase twa liy kouche. Anwo trase yon liy long, nan mitan yon liy kout, e yon liy long anba.**

Ann fè l ansanm

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy kanpe. Trase twa liy kouche. Anwo trase yon liy long, nan mitan yon liy kout, e yon liy long anba.**

Se tou pa nou

- **Trase yon liy kanpe. Trase twa liy kouche. Anwo trase yon liy long, nan mitan yon liy kout, e yon liy long anba.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Trase twa liy kouche. Anwo trase yon liy long, nan mitan yon liy kout, e yon liy long anba.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metè kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil E.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m

- Mo a se : **li.**
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm

- Mo a se : **li.**
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou

- Mo a se : **li.**
- Ekri mo a.
- Ann kontinye ak kèk lòt egzàn : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
- la, pe, ala.**

Aktivite revèy**Chwazi yon zanmi**

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. [Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]

Aktivite 7 Vokabilè

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : papiyon

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **papiyon** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **papiyon** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **papiyon se yon ensèk ki konn vole. Zèl li ka gen tout kalite koulè.**
3. Kisa mo **papiyon** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **papiyon** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **papiyon**. *[30 segonn]*

b. Dezyèm mo a se : nòs

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **nòs** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **nòs** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **nòs se yon seremoni kote de moun ap marye.**
3. Kisa mo **nòs** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **nòs** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **nòs**. *[30 segonn]*

Aktivite 8 Prediksyon dapre tit

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre tit. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]*

- Tit istwa jodi a se : « **Keyi kokoye** »
 Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ?
[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 9 Tande istwa

Kounye a mwen pral li istwa a.

a. Maryaj wa Papiyon ak rèn Papiyon

Yon lè, se te nòs wa papiyon ak rèn papiyon. Tout papiyon te abiye byen bwòdè. Te gen tout kalite koulè papiyon nan nòs la. Yo t ap danse, yo t ap vole sou flè yo. Aaa ! Se te bèl nòs.

b. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive. Sa vle di: m ap li yon fraz pou nou. Nou menm, san nou pa pale, nou pral fè jès ki mache ak sa ki di nan fraz la a.

- Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Yo t ap danse, yo t ap vole sou flè yo.**
1. Tout moun mime fraz la.
 2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite 10 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. [*Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.*]
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [*Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.*]

Aktivite 11 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa y ap fè ?

Aktivite pou Ranfòse**Komanse-Fini**

[*Separa klas la an de gwoup.*] Lè m di yon mo, bò goch la ap di m ki son ki kòmanse mo a. Bò dwat la ap di m ki son ki fini mo a.

Aktivite 1 Kontin

Lapwòpte
 Tout moun pote kole
 Pou n fè lapwòpte
 N ap wouze, bale
 N ap pwopte lari,
 N ap netwaye tout mi,
 N ap jete fatra nan poubèl,
 pou katye n pi bèl.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **pous** nou sou desen **men an**.
 Mete **lorikilè** nou sou desen **mab yo**.
 Mete **endèks** nou sou desen **moto a**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/m/**. Jodi a se son **/m/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- Son an se **/m/**.
- Premye mo a se **mal**. Mo a kòmanse ak **/m/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **tablo**. Mo sa a pa kòmanse ak **/m/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Son an se : **/m/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/m/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **van**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **mil, mimi, ma**.

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/m/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **bekàn**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **militon**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **pye, mele, marenn**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m 

– Mo a se **men**. Premye son an se : **/m/**.

Ann fè l ansanm 

– Mo a se **mi**. « Premye son » an se : **/m/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **pye, manman**.

Se tou pa nou 

– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tandè : **isi, mè, espò, alimèt**.

Aktivite 4 **Aprann son ak non yon lèt**

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.


a. Di son lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se **/m/**.

Ann fè l ansanm 

– Son lèt sa a se **/m/**.

Se tou pa nou 

– Son lèt sa a se : ... **/m/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **m**.

Ann fè l ansanm 

– Non lèt sa a se **m**.

Se tou pa nou 

– Non lèt sa a se **m**.

Aktivite 5 **Lekti mo ak fraz**

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « m » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– **/m/ /i/ = mi**

Ann fè l ansanm 

– **/m/ /i/ = mi**

Se tou pa nou 

– **/m/ /i/ = mi**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **ma**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « m » la pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /m/ /e/ /l/ /e/ = **mele**

Ann fè l ansanm 

– /m/ /e/ /l/ /e/ = **mele**

Se tou pa nou 

– /m/ /e/ /l/ /e/ = **mele**
– Ann kontinye ak lòt mo
mama, mimi.

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

L ; P ; M

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **m**. [Ekri lèt la sou tablo a.]

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]

**Trase yon liy kanpe.
Remonte, fè you koub
desann dwat epi yon
dezyèm koub desann dwat.**

Ann fè l ansanm 

– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]

**Trase yon liy kanpe.
Remonte, fè you koub
desann dwat epi yon
dezyèm koub desann dwat.**

Se tou pa nou 

– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]

**Trase yon liy kanpe.
Remonte, fè you koub
desann dwat epi yon
dezyèm koub desann dwat.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Remonte, fè you koub desann dwat epi yon dezyèm koub desann dwat.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt **m** (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifeye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m



– Mo kout la se : **me**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/m/ /e/

Ann fè l ansanm



– Mo a se : **me**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/m/ /e/

Se tou pa nou



– **me = /m/ /e/**
– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an] **mal, mil.**

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m



– Mo long lan se **mama**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/m/ /a/ /m/ /a/

Ann fè l ansanm



– Mo long lan se **mama**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/m/ /a/ /m/ /a/

Se tou pa nou



– **mama = /m/ /a/ /m/ /a/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **plim.**

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. [Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]

Aktivite 8 Vokabilè

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : krapo

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **krapo** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **krapo** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **krapo se yon ti bèt san ke, po glise ki viv kote ki mouye e ki fre.**
3. Kisa mo **krapo** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **krapo** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **krapo.** [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : kraze

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **kraze** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **kraze** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **kraze vle di pile yon bagay pou fè li tounen anpil ti moso.**
3. Kisa mo **kraze** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **kraze** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **kraze** [30 segonn]

Aktivite 9 Prediksyon daprè desen

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon daprè desen oswa daprè tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon daprè desen.

[Montre desen an epi di.] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. [30 segonn]

2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [30 segonn]

3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Tande istwa

Kounye a mwen pral li istwa a. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

Krapo

Yon apremidi, Janiz jwenn yon ti krapo tou piti nan jaden mayi papa l. Janiz di : « M ap kraze bèt sa a ! » Ti krapo a di : « Oo, pa fè m sa. M pral chante pou ou. » Ti Krapo a tonbe chante : « Koki, koki, koki, koki. » Janiz di : « Ou gen bèl vwa. Kòm ou chante pou mwen m ap kite ou jwe la a. »

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. [Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]

2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki moun istwa a pale ?

2. Ki krapo a te fè ?

3. Ki kote istwa a pase ?

Aktivite pou Ranfòse

Kontwole son

Nou pral di mo ki gen son nou konnen yo.

Di yon mo ki gen yon sèl son /.../.

Di yon mo ki gen de son /.../.

Aktivite 1 Kontin

Lapwòpte

Tout moun pote kole

Pou n fè lapwòpte

N ap wouze, bale

N ap pwopte lari,

N ap netwaye tout mi,

N ap jete fatra nan poubèl,

pou katye n pi bèl.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik**a. Rekonèt premye son**

Jodi a n ap kontinye ak son /m/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Son an se **/M/**.
- Premye mo a se **moto**. Mo a kòmanse ak **/M/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **kouto**. Mo sa a pa kòmanse ak **/M/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Son an se **/M/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/M/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **moun**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp **zèl, makak**.

Se tou pa nou

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/M/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **mechan**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **alimèt**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **penyen, mele, mizisyen, pitimi**.

b. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Premye pè mo a se **Me-Mate**.
De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt pè mo a se **Men-Nen**.
- De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Pè mo a se **Men-Matla**.
- [Reponn ak pous.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **Mato-Militon, Mou-Nou**.

Se tou pa nou

- Premye pè mo a se **Mezire-Malèt**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **Medikaman-Nan, Moun-Nat**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m 

- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **/M/**.

Ann fè l ansanm 

- Son lèt sa a se **/M/**.

Se tou pa nou 

- Son lèt sa a se **/M/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **M**.

Ann fè l ansanm 

- Non lèt sa a se **M**.

Se tou pa nou 

- Non lèt sa a se **M**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m 

- [Di] M ap li mo yo : **me, mal, mil, mi, m**.

Ann fè l ansanm 

- **me, mal, mil, mi, m**

Se tou pa nou 

- [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **me, mal, mil, mi, m**.
- [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « M » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « M » la pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

L ; P ; M

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **m**.


a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lèt de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy kanpe. Remonte, fè you koub desann dwat epi yon dezyèm koub desann dwat.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy kanpe. Remonte, fè you koub desann dwat epi yon dezyèm koub desann dwat.**

Se tou pa nou 

- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Trase yon liy kanpe. Remonte, fè you koub desann dwat epi yon dezyèm koub desann dwat.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Remonte, fè you koub desann dwat epi yon dezyèm koub desann dwat.**

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « **M** ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lèt a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy kanpe, yon liy panche adwat, yon liy panche monte, epi yon liy kanpe.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy kanpe, yon liy panche adwat, yon liy panche monte, epi yon liy kanpe.**

Se tou pa nou 

- **Trase yon liy kanpe, yon liy panche adwat, yon liy panche monte, epi yon liy kanpe.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe, yon liy panche adwat, yon liy panche monte, epi yon liy kanpe.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metè kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil **M**.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m 

- Mo a se : **mal**.
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm 

- Mo a se : **mal**.
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou 

- Mo a se : **mal**.
- Ekri mo a.
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : *[Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]*
me, plim, mama, mimi.

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

Aktivite 7 Vokabilè

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : karesan

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **karesan** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **karesan** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **karesan se yon moun oubyen yon bèt ki renmen bay afeksyon.**
3. Kisa mo **karesan** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **karesan** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **karesan**. *[30 segonn]*

b. Dezyèm mo a se : veterinè

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **veterinè** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **veterinè** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **veterinè se yon doktè ki okipe bèt.**
3. Kisa mo **veterinè** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **veterinè** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **veterinè**. *[30 segonn]*

Aktivite 8 Prediksyon dapre tit

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre tit. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]*

Tit istwa jodi a se : « **Chouboulout** »
Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ?
[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 9 Tande istwa

Kounye a mwen pral li istwa a.

a. Chouboulout

Chouboulout se yon chat nwa e blan. Li karesan anpil. Tout timoun nan lakou a renmen jwe avè l. Yon jou li te malad. Yo mennen li kay veterinè. Yo swen li, li vin geri. Yo wè Chouboulout ap fè lago ak poul nan lakou a. Tout timoun yo kontan.

b. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive. Sa vle di: m ap li yon fraz pou nou. Nou menm, san nou pa pale, nou pral fè jès ki mache ak sa ki di nan fraz la a.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Yon jou li te malad.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

Aktivite 10 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. [Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]

2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]

Aktivite 11 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki bèt istwa a pale ?

2. Kisa li te genyen ?

3. Ki bò yo te mennen l ?

Aktivite pou Ranfòse**Kanpe pou son an**

Nou pral fè yon bèl ti egzèsis. Lè mwen di yon mo ki gen son /.../, n ap kanpe, si li pa gen son an chita.

Aktivite 1 Kontin

Lapwòpte
 Tout moun pote kole
 Pou n fè lapwòpte
 N ap wouze, bale
 N ap pwopete lari,
 N ap netwaye tout mi,
 N ap jete fatra nan poubèl,
 pou katye n pi bèl.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik : Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m



- Son nan premye mo a se **/m/ /e/ /l/ /e/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **mele**.
- Son nan yon lòt mo se : **/e/ /p/ /i/**.
- Ki mo li ye ? **epi**

Ann fè l ansanm



- Son nan mo a se : **/p/ /i/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **pi**.
- Son nan yon lòt mo se : **/p/ /a/ /l/ /e/**.
- Ki mo li ye ? **pale**
- Yon lòt ankò : **/l/ /e/**.
- Ki mo li ye ? **le**

Se tou pa nou



- Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
- Son nan mo a se : **/m/ /a/ /l/**.
- Ki mo li ye? [Elèv yo di : **mal**.]
- Yon lòt ankò : **/m/ /i/ /l/**.
- Ki mo li ye ? [Elèv yo di : **mil**.]

Aktivite 3 Konsyans Fonemik : Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m



- Mo a se **mi**.
- M ap di tout son yo : **/m/ /i/**.

Ann fè l ansanm



- Mo a se **pale**.
- Ann di tout son yo **/p/ /a/ /l/ /e/**.
- Yon lòt mo **pile**.
- Ann di son yo **/p/ /i/ /l/ /e/**.

Se tou pa nou



- Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **me, plim, pi, pe**.

Aktivite 4 Di non lèt ki nan yon mo

[Ekri 2 ou 3 mo ki nan leson sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rès lèt yo.]

Aktivite 5 Jwenn son nan mo

Ouvri liv nou nan paj revizyon an. Kounye a, mwen pral di yon son. N ap chèche yon mo ki gen son an ladan l. N ap mete dwèt nou anba mo a. Son an se ____.

[Chwazi son yo an dezòd. Apre ou fin di yon premye son, mande kèk elèv ki mo yo jwenn ki gen son an. Chak elèv dwe bay yon nouvo mo. Kontinye ak lòt son nou wè deja.]

Aktivite 6 **Lekti mo (nan liv la)****a. Lekti an gwoup**

Kounye a nou pral li nan liv la. Fè elèv yo ouvè liv la nan paj revizyon « E ak M » nan. Mete yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li fò. [Pa egzanp, chak ranje, ti fi/ti gason, moun a dwat/moun a goch.]

Aktivite revèy**Jwe ak lèt**

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

L ; P ; M

b. Li istwa

Anseyan an ap mande elèv yo li istwa « Ameli » pou kont yo.

Evalyasyon**NOTE:**

- Nan moman sa a nou kapab mande elèv yo kontinye li menm istwa a. Nou kapab pwofite moman sa a pou nou fè evalyasyon endividyèl pou elèv yo. Nou ka mande elèv yo li apeprè senk mo pou kont yo. Pa swiv prezantasyon mo yo nan liv la. Chwazi mo yo nan toulede leson yo, nan diferan liy pou chak timoun. Ede elèv la korije erè li yo. Apre li fini, note nan kaye ou konbyen mo elèv la li byen. Pa egzanp : 4/5. Si tout elèv pa gen tan li pou ou, asire ou sa ki pa li pou ou jodi a ap li pou ou semenn pwochenn (nan jou revizyon an).
- Si elèv yo pa li byen, mande yo li son lèt yo ba ou. Fè yon revizyon son elèv la pa konnen. Si gen anpil elèv ki pa konnen yon son, fè leson an ankò pou klas la. Si yo konnen son yo, men yo pa ka li, chèche konnen ki bò yo kole.

Aktivite 1 Kontin

Vag lanmè
Vag lanmè
Toujou ap fè ale vini,
Toujou ap fè bri,
Fè bato danse de bò,
Sitou lè van ap soufle fò
Vag lanmè pa janm poze
Menm lè solèy kouche.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **pous** nou sou desen **piman yo**.
Mete **endèks** nou sou desen **manman an**.
Mete **lorikilè** nou sou desen **mango a**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande plis nan twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/an/**. Jodi a se son **/an/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- Son an se **/an/**.
- Premye mo a se **anba**. Mo a kòmanse ak **/an/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **mele**. Mo sa a pa kòmanse ak **/an/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Son an se : **/an/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/an/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **anmè**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **lave, andeyò, anfòm**.

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/an/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **kout**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **anlè**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **anvi, bòl, antò**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m 

– Mo a se **anwo**. Premye son an se : **/an/**.

Ann fè l ansanm 

– Mo a se **andui**. « Premye son » an se : **/an/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **mil, panye**.

Se tou pa nou 

– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tandè : **annik, matla, anyen, aprè, pran**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon konbinezon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non konbinezon lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son konbinezon lèt la

Tou pa m 

– [Montre konbinezon lèt la epi di.]
– Son konbinezon lèt sa a se **/an/**.

Ann fè l ansanm 

– Son konbinezon lèt sa a se **/an/**.

Se tou pa nou 

– Son konbinezon lèt sa a se : **.../an/**.

b. Di non konbinezon lèt la

Tou pa m 

– [Montre konbinezon lèt la epi di.]
– Non konbinezon lèt sa a se **an**.

Ann fè l ansanm 

– Non konbinezon lèt sa a se **an**.

Se tou pa nou 

– Non konbinezon lèt sa a se **an**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « an » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòm mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– **/l/ /an/ = lan**

Ann fè l ansanm 

– **/l/ /an/ = lan**

Se tou pa nou 

– **/l/ /an/ = lan**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **pan, an, manm**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « an » an pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m



– /m/ /an/ /m/ /an/ = **manman**

Ann fè l ansanm



– /m/ /an/ /m/ /an/ = **manman**

Se tou pa nou



– /m/ /an/ /m/ /an/ = **manman**
– Ann kontinye ak lòt mo **elan, anpil.**

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. [Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]

Aktivite 6 Ekri konbinezon lèt

Kounye a nou pral ekri konbinezon lèt miniskil **an**. [Ekri konbinezon lèt la sou tablo a.]

a. Ekri konbinezon lèt ak dwèt

Tou pa m



– [Ekri konbinezon lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]

Fè a. Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.

Ann fè l ansanm



– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]

Fè a. Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.

Se tou pa nou



– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]

Fè a. Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.

b. Trase konbinezon lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri konbinezon lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè a. Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

c. Trase konbinezon lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan konbinezon lèt an (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou konbinezon lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou konbinezon lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou konbinezon lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou konbinezon lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase konbinezon lèt la sou lòt liy yo.] Ekri konbinezon lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m



– Mo kout la se : **pan**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/p/ /an/

Ann fè l ansanm



– Mo a se : **pan**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/p/ /an/

Se tou pa nou



– **pan = /p/ /an/**
– *[Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]*
lan, manm.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m



– Mo long lan se **piman**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/p/ /i/ /m/ /an/

Ann fè l ansanm



– Mo long lan se **piman**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/p/ /i/ /m/ /an/

Se tou pa nou



– **piman = /p/ /i/ /m/ /an/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **manman, anpil.**

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 8 Vokabilè

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : fasil

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **fasil** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **fasil** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **fasil vle di san pwoblèm. Ki pa difasil.**
3. Kisa mo **fasil** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **fasil** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **fasil.**
[30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : silans

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **silans** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **silans** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **silans vle di pa gen bri, moun pa tande anyen.**
3. Kisa mo **silans** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **silans** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **silans.**
[30 segonn]

Aktivite 9 Prediksyon daprè desen

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon daprè desen oswa daprè tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon daprè desen.

[Montre desen an epi di.] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. *[30 segonn]*

2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*

3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Tande istwa

Kounye a mwen pral li istwa a. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

Krikèt

Krikèt se yon ti bèt ki renmen fè bri anpil. Se pa fasil pou wè li la jounen. Kou lannwit rive ou tande li kòmanse chante. Depi l santi yon moun ap vini li fè silans. Li renmen kache nan twou blòk ak nan raje. Yon jou, mwen di fòk mwen wè kòman yo fè bri a. Lè m gade, m wè l rete tèt anba epi l ap soufle zit ziiiit ! Lè m pran yon ti bwa pou m pike l, li tou vole al yon lòt kote.

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*

2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki bèt istwa a pale ?

2. Kisa li renmen fè ?

3. Kilè li kòmanse chante ?

Aktivite pou Ranfòse

Jwe ak mo

[Ekri tout son nou wè deja yo sou tablo a. Fòme yon gwoup 6 elèv. Mande premye elèv la pou l di yon non moun ak yon non machandiz ki kòmanse ak premye son an. Mande lòt elèv yo kontinye fè menm egzèsis la san yo pa repete yon non ki di deja. Lè yon moun pèdi li pral chita epi lòt yo ap kontinye ak pwochen son an. Moun ki rete an dènye a ap genyen.]

Aktivite 1 Kontin

Vag lanmè
 Vag lanmè
 Toujou ap fè ale vini,
 Toujou ap fè bri,
 Fè bato danse de bò,
 Sitou lè van ap souffle fò
 Vag lanmè pa janm poze
 Menm lè solèy kouche.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik**a. Rekonèt premye son**

Jodi a n ap kontinye ak son /an/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Son an se **/An/**.
- Premye mo a se **anyen**. Mo a kòmanse ak **/An/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **kaye**. Mo sa a pa kòmanse ak **/An/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Son an se **/An/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/An/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **anwo**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
tiyo, anvi.

Se tou pa nou

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/An/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **kay**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **antò**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
anfòm, anlè, boukit.

b. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Premye pè mo a se **Anmè-Anba**.
De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt pè mo a se **Anfòm-Ale**.
- De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Pè mo a se **Ansèt-Asyèt**.
[Reponn ak pous.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
Ansyen-Avyon, Anvi-Anyen.

Se tou pa nou

- Premye pè mo a se **Anlè-Anmè**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **Anwo-Ale, Ap-Anpil, Ankò-Anwo.**

Aktivite 3 Aprann son ak non yon konbinezon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non konbinezon lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son konbinezon lèt la

Tou pa m

- [Montre konbinezon lèt la epi di.]
- Son konbinezon lèt sa a se **/An/**.

Ann fè l ansanm

- Son konbinezon lèt sa a se **/An/**.

Se tou pa nou

- Son konbinezon lèt sa a se **/An/**.

b. Di non konbinezon lèt la

Tou pa m

- [Montre konbinezon lèt la epi di.]
- Non konbinezon lèt sa a se **An**.

Ann fè l ansanm

- Non konbinezon lèt sa a se **An**.

Se tou pa nou

- Non konbinezon lèt sa a se **An**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m

- [Di] M ap li mo yo : **an, lan, pan.**

Ann fè l ansanm

- **an, lan, pan**

Se tou pa nou

- [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **an, lan, pan.**
- [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « An » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « An » an pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. [Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]

Aktivite 5 Ekri konbinezon lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri konbinezon lèt miniskil an.

a. Ekri konbinezon lèt ak dwèt*Tou pa m*

- [Ekri konbinezon lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Fè a. Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

Ann fè l ansanm

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Fè a. Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

Se tou pa nou

- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Fè a. Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

b. Trase konbinezon lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri konbinezon lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè a. Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

Aktivite 6 Ekri konbinezon lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri konbinezon lèt majiskil « An ».

a. Ekri konbinezon lèt ak dwèt*Tou pa m*

- [Ekri konbinezon lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Fè A majiskil. Trase yon liy panche a goch. Kole l ak yon liy panche a dwat. Trase yon liy kouche nan mitan yo. Fè n miniskil. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

Ann fè l ansanm

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Fè A majiskil. Trase yon liy panche a goch. Kole l ak yon liy panche a dwat. Trase yon liy kouche nan mitan yo. Fè n miniskil. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

Se tou pa nou

- **Fè A majiskil. Trase yon liy panche a goch. Kole l ak yon liy panche a dwat. Trase yon liy kouche nan mitan yo. Fè n miniskil. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

b. Trase konbinezon lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri konbinezon lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè A majiskil. Trase yon liy panche a goch. Kole l ak yon liy panche a dwat. Trase yon liy kouche nan mitan yo. Fè n miniskil. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

c. Trase konbinezon lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan konbinezon lèt majiskil An.

[Elèv yo ap trase sou konbinezon lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou konbinezon lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifeye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou konbinezon lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou konbinezon lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase konbinezon lèt la sou lòt liy yo.] Ekri konbinezon lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m 

- Mo a se : **an**.
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm 

- Mo a se : **an**.
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou 

- Mo a se : **an**.
 - Ekri mo a.
 - Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
- lan, pan, manm, pans.**

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son lesan an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 7 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo fasil

Kiyès ki ka di m ki sa mo **fasil** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo silans

Kiyès ki ka di m ki sa mo **silans** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **fasil**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **silans**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 8 Tande istwa

Kounye a mwen pral li istwa a. Nou ka suiv istwa a nan liv lekti a.

a. Manman

Pa ale manman ! Manman m ale. Papi pale.

b. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive. Sa vle di: m ap li yon fraz pou nou. Nou menm, san nou pa pale, nou pral fè jès ki mache ak sa ki di nan fraz la a.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Manman m ale.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

Aktivite 9 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De moun istwa a pale ?

2. Ki sa y ap fè ?

Aktivite pou Ranfòse**Rive jwenn zetwal yo**

Segmantasyon son

Materyèl : Foto oswa desen oswa objè ki gen twa ou kat son.

Kouman pou fè sa :

1. Mande elèv yo chita an won.

2. Montre yo youn nan imaj yo.

3. Mande yon volontè pou li idantifye sa ki sou imaj la epi pou l kase mo a son pa son. Pa egzanp, si mo a se « tèt », timoun nan dwe di « /t/ /è/ /t/ . »

Nòt : Si elèv yo pa konn non objè a, di yo non li. [Se pa yon tès vokabilè.]

4. Mande yon dezyèm volontè di konbyen son ki nan mo a.

5. Mande yon twazyèm volontè pou l pran yon zetwal nan syèl la pou chak son ki nan mo a [Pou l fè sa, timoun nan ap vole pou l fè kòm si l ap atrap yon zetwal pou chak son ki nan mo a].

6. Kontinye egzèsis la ak lòt imaj pou plis elèv ka gen chans pou vole jwenn zetwal yo.

Aktivite 1 Kontin

Vag lanmè
Vag lanmè
Toujou ap fè ale vini,
Toujou ap fè bri,
Fè bato danse de bò,
Sitou lè van ap soufle fò
Vag lanmè pa janm poze
Menm lè solèy kouche.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **endèks** nou sou desen **tiyo a**.
Mete **lorikilè** nou sou desen **tenis la**.
Mete **pous** nou sou desen **tèt la**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/t/**. Jodi a se son **/t/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- Son an se **/t/**.
- Premye mo a se **te**. Mo a kòmanse ak **/t/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **dòm**. Mo sa a pa kòmanse ak **/t/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Son an se : **/t/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/t/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **ta**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **fèy, tan, talè**.

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/t/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **ti**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **chou**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **pike, tann, tab, sitwon**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m 

– Mo a se **tou**. Premye son an se : **/t/**.

Ann fè l ansanm 

– Mo a se **tat**. « Premye son » an se : **/t/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **pouri, tan**.

Se tou pa nou 

– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tandè : **pwason, alimèt, touse, ede, mare**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se **/t/**.

Ann fè l ansanm 

– Son lèt sa a se **/t/**.

Se tou pa nou 

– Son lèt sa a se : ... **/t/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **t**.

Ann fè l ansanm 

– Non lèt sa a se **t**.

Se tou pa nou 

– Non lèt sa a se **t**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « t » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– **/t/ /an/ = tan**

Ann fè l ansanm 

– **/t/ /an/ = tan**

Se tou pa nou 

– **/t/ /an/ = tan**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **te, ti, mant**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « t » la pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m



– /p/ /a/ /t/ /i/ = pati

Ann fè l ansanm



– /p/ /a/ /t/ /i/ = pati

Se tou pa nou



– /p/ /a/ /t/ /i/ = pati
– Ann kontinye ak lòt mo **tape, tete.**

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. [Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **t**. [Ekri lèt la sou tablo a.]

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m



– [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]

Trase yon liy kanpe. Epi trase yon liy kouche tou kout nan mitan an.

Ann fè l ansanm



– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]

Trase yon liy kanpe. Epi trase yon liy kouche tou kout nan mitan an.

Se tou pa nou



– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]

Trase yon liy kanpe. Epi trase yon liy kouche tou kout nan mitan an.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Epi trase yon liy kouche tou kout nan mitan an.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt **t** (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m



– Mo kout la se : **pant**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/p/ /an/ /t/

Ann fè l ansanm



– Mo a se : **pant**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/p/ /an/ /t/

Se tou pa nou



– **pant = /p/ /an/ /t/**
– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]
ta, ti, tant.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m



– Mo long lan se **tape**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/t/ /a/ /p/ /e/

Ann fè l ansanm



– Mo long lan se **tape**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/t/ /a/ /p/ /e/

Se tou pa nou



– **tape = /t/ /a/ /p/ /e/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **piti, pate.**

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 8 Vokabilè

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : manman

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **manman** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **manman** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **manman se fi ki ba ou nesans lan.**
3. Kisa mo **manman** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **manman** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **manman**. [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : piman

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **piman** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **piman** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **piman se yon plant moun itilize pou fè manje vin pike.**
3. Kisa mo **piman** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **piman** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **piman**. [30 segonn]

Aktivite 9 Prediksyon dapre desen

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre desen.

[Montre desen an epi di.] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. *[30 segonn]*

2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*

3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

[Pandan elèv yo ap li, mèl la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

Piman

Manman pale Mata. Mete piman an la. Mata mete l la.

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*

2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki moun istwa a pale ?

2. Kisa manman di Mata ?

Aktivite pou Ranfòse

Vokabilè : Di non epi dekri

Ou ka bati vokabilè elèv yo ak kapasite deskripsyon yo nan leson ki santre sou di non ak dekri.

Kouman pou fè sa :

1. *Kòmanse pa chwazi yon tèm oswa yon sijè pou nou travay. Brase lide oswa di non objè ki gen rapò ak tèm lan.*

Pa egzanp, si tèm nan se manje, elèv yo ka di non mango, sereyal, ak pwason.

2. *Epi ede elèv yo di non objè sa yo pa kategori. Ki sa ki fwi, legim, vyann, elatriye ?*

3. *Finalman, mande elèv yo di non objè sa yo selon kalite yo. Nan ka sa a, ki sa ki dous, ki sa ki sale, ki sa ki si ?*

Aktivite 1 Kontin

Vag lanmè
 Vag lanmè
 Toujou ap fè ale vini,
 Toujou ap fè bri,
 Fè bato danse de bò,
 Sitou lè van ap souffle fò
 Vag lanmè pa janm poze
 Menm lè solèy kouche.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik**a. Rekonèt premye son**

Jodi a n ap kontinye ak son /t/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Son an se **/T/**.
- Premye mo a se **tone**. Mo a kòmanse ak **/T/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **ke**. Mo sa a pa kòmanse ak **/T/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Son an se **/T/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/T/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **tas**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp **men, touse**.

Se tou pa nou

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/T/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **peny**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **tonbe**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **asyèt, tou, pou, twonpe, tapi**.

b. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Premye pè mo a se **tant-ti**. De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt pè mo a se **tan-pan**.
- De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Pè mo a se **tant-pant**.
- [Reponn ak pous.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **tou-pou, tande-tan**.

Se tou pa nou

- Premye pè mo a se **tat-pa**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **tande-tab, talè-pale**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m

- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **/T/**.

Ann fè l ansanm

- Son lèt sa a se **/T/**.

Se tou pa nou

- Son lèt sa a se **/T/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m

- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **T**.

Ann fè l ansanm

- Non lèt sa a se **T**.

Se tou pa nou

- Non lèt sa a se **T**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m

- [Di] M ap li mo yo : **te, ti, ta, tat, tan.**

Ann fè l ansanm

- **te, ti, ta, tat, tan**

Se tou pa nou

- [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout leson an] **te, ti, ta, tat, tan.**
- [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « T » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « T » la pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. [Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **t**.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy kanpe. Epi trase yon liy kouche tou kout nan mitan an.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy kanpe. Epi trase yon liy kouche tou kout nan mitan an.**

Se tou pa nou 

- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Trase yon liy kanpe. Epi trase yon liy kouche tou kout nan mitan an.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Epi trase yon liy kouche tou kout nan mitan an.**

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « **T** ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy kanpe. Epi, anwo, trase yon liy kouche.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy kanpe. Epi, anwo, trase yon liy kouche.**

Se tou pa nou 

- **Trase yon liy kanpe. Epi, anwo, trase yon liy kouche.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Epi, anwo, trase yon liy kouche.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metè kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil **T**.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m 

- Mo a se : **te**.
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm 

- Mo a se : **te**.
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou 

- Mo a se : **te**.
- Ekri mo a.
- Ann kontinye ak kèk lòt egzàn : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
- **piti, tape, tant, pate.**

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 7 **Vokabilè**

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : konpè

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **konpè** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **konpè** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **konpè vle di yon zanmi**.
3. Kisa mo **konpè** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **konpè** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **konpè**. *[30 segonn]*

b. Dezyèm mo a se : Fache

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **fache** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **fache** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **fache vle di moun ki pa byen ak lòt**.
3. Kisa mo **fache** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **fache** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **fache**. *[30 segonn]*

Aktivite 8 **Prediksyon dapre tit**

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre tit. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]*

Tit istwa jodi a se : « **Konpè Chat ak Konpè Chen** »
 Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ?
[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 9 **Tande istwa**

Kounye a mwen pral li istwa a.

a. Konpè Chat ak Konpè Chen

Vwala se te yon apremidi, konpè Chen ak konpè Chat t ap jwe. Konpè Chat bay konpè Chen yon kout grif. Tousuit, konpè Chat monte yon pyebwa. L ap gade konpè Chen ki anba, l ap ri. Konpè Chen fache. Depi lè sa a, chen pa janm zanmi ak chat.

b. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive. Sa vle di: m ap li yon fraz pou nou. Nou menm, san nou pa pale, nou pral fè jès ki mache ak sa ki di nan fraz la a.

- Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Konpè Chen fache**.
- 1. Tout moun mime fraz la.
- 2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite 10 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. [*Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.*]
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [*Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.*]

Aktivite 11 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki bèt istwa a pale ?
2. Ki sa y ap fè ?
3. Ki lè istwa a pase ?

Aktivite pou Ranfòse**Koupe fraz**

Pou ki sa : Konesans lèt enprime, prensip alfabetik.

Materyèl : Yon fraz nou abitye ki ekri sou yon fèy papyè ki long.

Kouman pou fè sa :

1. Li yon fraz yo abitye pou elèv yo fè.
Egzanp : « Non mwen se Jozèf. »
2. Li fraz la ansanm. Lonje dwèt ou sou mo yo pandan w ap li.
3. Apre koupe fraz la mo pa mo.
4. Mande elèv yo pou yo fòme fraz la ankò.
5. Sipòte elèv yo ak kòmantè tankou :
Ki son ou tande nan kòmansman mo Jozèf la? [Tann yon repons.]
Ki lèt ki fè son sa ? [Tann yon repons.]
Kote mo ki kòmanse ak lèt sa ? [Tann yon repons.]
Ki mo ki kòmanse ak lèt sa ? [Tann yon repons.]

Aktivite 1 Kontin

Vag lanmè
 Vag lanmè
 Toujou ap fè ale vini,
 Toujou ap fè bri,
 Fè bato danse de bò,
 Sitou lè van ap soufle fò
 Vag lanmè pa janm poze
 Menm lè solèy kouche.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik : Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m



- Son nan premye mo a se **/t/ /i/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **ti**.
- Son nan yon lòt mo se : **/t/ /an/**.
- Ki mo li ye ? **tan**

Ann fè l ansanm



- Son nan mo a se : **/p/ /i/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **pi**.
- Son nan yon lòt mo se : **/t/ /a/**.
- Ki mo li ye ? **ta**
- Yon lòt ankò : **/l/ /a/ /n/**.
- Ki mo li ye ? **lan**

Se tou pa nou



- Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
- Son nan mo a se : **/m/ /e/ /t/ /e/**.
- Ki mo li ye? [Elèv yo di : **mete**.]
- Yon lòt ankò : **/m/ /an/ /m/ /an/**.
- Ki mo li ye ? [Elèv yo di : **manman**.]

Aktivite 3 Konsyans Fonemik : Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m



- Mo a se **pan**.
- M ap di tout son yo : **/p/ /an/**.

Ann fè l ansanm



- Mo a se **pile**.
- Ann di tout son yo **/p/ /i/ /l/ /e/**.
- Yon lòt mo **te**.
- Ann di son yo **/t/ /e/**.

Se tou pa nou



- Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **al, pitit, piman**.

Aktivite 4 Di non lèt ki nan yon mo

[Ekri 2 ou 3 mo ki nan leson sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rès lèt yo.]

Aktivite 5 Jwenn son nan mo

Ouvri liv nou nan paj revizyon an. Kounye a, mwen pral di yon son. N ap chèche yon mo ki gen son an ladan l. N ap mete dwèt nou anba mo a. Son an se _____.

[Chwazi son yo an dezòd. Apre ou fin di yon premye son, mande kèk elèv ki mo yo jwenn ki gen son an. Chak elèv dwe bay yon nouvo mo. Kontinye ak lòt son nou wè deja.]

Aktivite 6 **Lekti mo (nan liv la)****a. Lekti an gwoup**

Kounye a nou pral li nan liv la. Fè elèv yo ouvè liv la nan paj revizyon « An ak T » a. Mete yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li fò. [Pa egzanp, chak ranje, ti fi/ti gason, moun a dwat/moun a goch.]

Aktivite revèy**Chwazi yon zanmi**

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. [Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]

b. Li istwa

Anseyan an ap mande elèv yo li istwa « Ema ap li » pou kont yo.

Evalyasyon**NOTE:**

- Nan moman sa a nou kapab mande elèv yo kontinye li menm istwa a. Nou kapab pwofite moman sa a pou nou fè evalyasyon endi-vidyèl pou elèv yo. Nou ka mande elèv yo li apeprè senk mo pou kont yo. Pa swiv prezantasyon mo yo nan liv la. Chwazi mo yo nan toulede leson yo, nan diferan liy pou chak timoun. Ede elèv la korije erè li yo. Apre li fini, note nan kaye ou konbyen mo elèv la li byen. Pa egzanp : 4/5. Si tout elèv pa gen tan li pou ou, asire ou sa ki pa li pou ou jodi a ap li pou ou semenn pwochenn (nan jou revizyon an).
- Si elèv yo pa li byen, mande yo li son lèt yo ba ou. Fè yon revizyon son elèv la pa konnen. Si gen anpil elèv ki pa konnen yon son, fè leson an ankò pou klas la. Si yo konnen son yo, men yo pa ka li, chèche konnen ki bò yo kole.

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize lèt **A** ak lèt **L**. Nou dakò? [Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon **A** ak **L**.]

Aktivite 1 **Konsyans fonemik**

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /a/. [Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

1. [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]
2. [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son //l/. [Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

1. [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li komanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]
2. [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè.]

Aktivite 2 **Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt**

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

1. [Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]
2. [Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]
3. [Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]

Aktivite 3 **Ekri mo ak fraz**

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m 

- Premye mo a se **ala**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
- /a/ // /a/

Ann fè l ansanm 

- Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
- **ala = /a/ // /a/**

Se tou pa nou 

- Ann ekri mo a ankò.
- **ala = /a/ // /a/**
- Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
- Men yon lòt mo : **la**.
- Ann kontinye ak kèk lòt mo [bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo] **a, al**.

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li korèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche lèt **A** ak **L** nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. Mete yon wonn sou tout **A** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.
2. Fè yon kwa sou tout **L** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

Aktivite 4 Lekt

Nan leson anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li kèk fraz byen fasil.

Nou pral li de fraz.

1. *[Fè yo li premye fraz la ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]*
2. *[Aprè ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm fraz la de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]*
 - a. *Si yo li 8 mo byen nan 10 mo : ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm fraz la poukont yo.*
 - b. *Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo : li fraz la ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.*

Aktivite 5 Kesyon sou fraz yo

[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa sou **premye** fraz ou te li.

1. Kiyès ki la a ?

Koute kesyon sa sou **dezyèm** fraz ou te li.

1. Ki bò Lala ale ?

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize lèt **I** ak lèt **P**. Nou dakò? *[Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon I ak P.]*

Aktivite 1 **Konsyans fonemik**

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son **/i/**. *[Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]*

1. *[Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]*
2. *[Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]*

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son **/p/**. *[Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]*

1. *[Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li komanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]*
2. *[Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè.]*

Aktivite 2 **Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt**

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

1. *[Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]*
2. *[Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]*
3. *[Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]*

Aktivite 3 **Ekri mo ak fraz**

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m 

- Premye mo a se **api**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
- **/a/ /p/ /i/**

Ann fè l ansanm 

- Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
- **api = /a/ /p/ /i/**

Se tou pa nou 

- Ann ekri mo a ankò.
- **api = /a/ /p/ /i/**
- Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
- Men yon lòt mo : **lapli**.
- Ann kontinye ak kèk lòt mo *[bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo]* **pli, pal, pap**.

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li korèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche lèt **I** ak **P** nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. Mete yon wonn sou tout **I** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.
2. Fè yon kwa sou tout **P** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

Aktivite 4 Lekt

Nan leson anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil.

Nou pral li de istwa.

1. [Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]
2. [Aprè ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]
 - a. **Si yo li 8 mo byen nan 10 mo** : ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a poukont yo.
 - b. **Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo** : li istwa ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.

Aktivite 5 Kesyon sou istwa yo

[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa sou **premye** istwa ou te li.

1. Pou kiyès pip la ye?
2. Pou kiyès pil la ye?

Koute kesyon sa sou **dezyèm** istwa ou te li.

1. De Kiyès istwa a pale?
2. Ki sa l ap fè?

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize lèt **E** ak lèt **M**. Nou dakò? *[Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon E ak M.]*

Aktivite 1 **Konsyans fonemik**

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /e/. *[Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]*

1. *[Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]*
2. *[Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]*

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /m/. *[Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]*

1. *[Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li komanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]*
2. *[Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè.]*

Aktivite 2 **Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt**

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

1. *[Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]*
2. *[Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]*
3. *[Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]*

Aktivite 3 **Ekri mo ak fraz**

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m 

- Premye mo a se **emil**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
- **/e/ /m/ /i/ /l/**

Ann fè l'ansanm 

- Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
- **emil = /e/ /m/ /i/ /l/**

Se tou pa nou 

- Ann ekri mo a ankò.
- **emil = /e/ /m/ /i/ /l/**
- Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
- Men yon lòt mo : **mate**.
- Ann kontinye ak kèk lòt mo *[bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo]* **imite, mele, limit**.

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li kòrèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche lèt **E** ak **M** nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. Mete yon wonn sou tout **E** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.
2. Fè yon kwa sou tout **M** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

Aktivite 4 Lèkti

Nan leson anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil.

Nou pral li de istwa.

1. [Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]
2. [Aprè ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]
 - a. **Si yo li 8 mo byen nan 10 mo** : ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a poukont yo.
 - b. **Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo** : li istwa ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.

Aktivite 5 Kesyon sou istwa yo

[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa sou **premye** istwa ou te li.

1. Ki sa Meme pile ?
2. Ki sa Meme fè ?

Koute kesyon sa sou **dezyèm** istwa ou te li.

1. Kiyès ki ap li ?
2. Ki sa l ap li ?

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize konbinezon lèt **An** ak lèt **T**. Nou dakò? [Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon **An** ak **T**.]

Aktivite 1 **Konsyans fonemik**

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /an/. [Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

- [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]
- [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /t/. [Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

- [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li komanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]
- [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè.]

Aktivite 2 **Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt**

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

- [Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]
- [Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]
- [Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]

Aktivite 3 **Ekri mo ak fraz**

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m 

- Premye mo a se **pantan**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
- /p/ /an/ /t/ /an/

Ann fè l ansanm 

- Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
- **pantan = /p/ /an/ /t/ /an/**

Se tou pa nou 

- Ann ekri mo a ankò.
- **pantan = /p/ /an/ /t/ /an/**
- Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
- Men yon lòt mo : **Natan**.
- Ann kontinye ak kèk lòt mo [bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo] **tant, antant, pant**.

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li kòrèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche konbinezon lèt **An** ak lèt **T** nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. Mete yon wonn sou tout **An** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.
2. Fè yon kwa sou tout **T** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

Aktivite 4 Lekt

Nan lesan anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil.

Nou pral li de istwa.

1. [Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]
2. [Aprè ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]
 - a. **Si yo li 8 mo byen nan 10 mo** : ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a poukont yo.
 - b. **Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo** : li istwa ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.

Aktivite 5 Kesyon sou istwa yo

[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa sou **premye** istwa ou te li.

1. Kiyès k ap tete ?
2. Ki sa papa Elan ap fè ?

Koute kesyon sa sou **dezyèm** istwa ou te li.

1. De kiyès tèks la pale ?
2. Ki sa li plante ?

Aktivite 1 Kontin

Fè mache
Tout timoun avanse, avanse
Nou pral nan mache
N ap machande, n ap achte
Makout chaje n ap tounen lakay
Wololoy, fè mache se bèl bagay.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **pous** nou sou desen **kawoutchou a**.

Mete **endèks** nou sou desen **poupe yo**.

Mete **lorikilè** nou sou desen **kalalou yo**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande plis nan twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se /ou/. Jodi a se son /ou/ nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- Son an se /ou/.
- Premye mo a se **ouvè**. Mo a kòmanse ak /ou/ donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **tele**. Mo sa a pa kòmanse ak /ou/ donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Son an se : /ou/.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak /ou/ nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **out**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **anmè, pou, oubyen**.

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak /ou/, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **pita**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **kana**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **out, tas, ouvè**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m 

– Mo a se **oubyen**. Premye son an se : **/ou/**.

Ann fè l ansanm 

– Mo a se **ouvè**. « Premye son » an se : **/ou/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **chèz, out**.

Se tou pa nou 

– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **pisin, kle, ouvè**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon konbinezon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non konbinezon lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son konbinezon lèt la

Tou pa m 

– [Montre konbinezon lèt la epi di.]
– Son konbinezon lèt sa a se **/ou/**.

Ann fè l ansanm 

– Son konbinezon lèt sa a se **/ou/**.

Se tou pa nou 

– Son konbinezon lèt sa a se : **.../ou/**.

b. Di non konbinezon lèt la

Tou pa m 

– [Montre konbinezon lèt la epi di.]
– Non konbinezon lèt sa a se **ou**.

Ann fè l ansanm 

– Non konbinezon lèt sa a se **ou**.

Se tou pa nou 

– Non konbinezon lèt sa a se **ou**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « ou » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòm mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /t/ /ou/ = **tou**

Ann fè l ansanm 

– /t/ /ou/ = **tou**

Se tou pa nou 

– /t/ /ou/ = **tou**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **lou, pou**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « ou » la pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòm mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /p/ /ou/ /p/ /e/ = poupe

Ann fè l ansanm 

– /p/ /ou/ /p/ /e/ = poupe

Se tou pa nou 

– /p/ /ou/ /p/ /e/ = poupe
– Ann kontinye ak lòt mo **moul, alantou.**

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son lesan an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 6 Ekri konbinezon lèt

Kounye a nou pral ekri konbinezon lèt miniskil **ou**. [Ekri konbinezon lèt la sou tablo a.]

a. Ekri konbinezon lèt ak dwèt

Tou pa m 

– [Ekri konbinezon lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]

Fè o. Fè yon wonn fèmen nèt. Fè u. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Ansuit, trase yon liy kanpe.

Ann fè l ansanm 

– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]

Fè o. Fè yon wonn fèmen nèt. Fè u. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Ansuit, trase yon liy kanpe.

Se tou pa nou 

– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]

Fè o. Fè yon wonn fèmen nèt. Fè u. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Ansuit, trase yon liy kanpe.

b. Trase konbinezon lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri konbinezon lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè o. Fè yon wonn fèmen nèt. Fè u. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Ansuit, trase yon liy kanpe.**

c. Trase konbinezon lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan konbinezon lèt **ou** (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou konbinezon lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou konbinezon lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifiye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou konbinezon lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou konbinezon lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase konbinezon lèt la sou lòt liy yo.] Ekri konbinezon lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m



– Mo kout la se : **pou**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/p/ /ou/

Ann fè l ansanm



– Mo a se : **pou**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/p/ /ou/

Se tou pa nou



– **pou = /p/ /ou/**
– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]
ou, pou.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m



– Mo long lan se **toutou**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/t/ /ou/ /t/ /ou/

Ann fè l ansanm



– Mo long lan se **toutou**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/t/ /ou/ /t/ /ou/

Se tou pa nou



– **toutou = /t/ /ou/ /t/ /ou/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **moumou, pouli.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]
Baye. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

Aktivite 8 Vokabilè

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : bèk

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **bèk** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **bèk** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **bèk vle di yon pati ki nan bèt volay ki sèvi l kòm bouch pou l manje.**
3. Kisa mo **bèk** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **bèk** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **bèk.** [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : ravèt

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **ravèt** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **ravèt** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **ravèt se yon ti ensèk ki plat, ki kouri anpil. Li manje kras manje.**
3. Kisa mo **ravèt** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **ravèt** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **ravèt.** *[30 segonn]*

Aktivite 9 Prediksyon dapre desen

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre desen.

[Montre desen an epi di.] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. *[30 segond]*
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segond]*
3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Tande istwa

Kounye a mwen pral li istwa a. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

Poul ak Ravèt

Lakay Doudou gen yon poul. Depi yon ravèt pase devan l, li kenbe l ak bèk li, epi li vale l. Ravèt pa janm gen rezon devan poul. Se pou sa, depi ravèt wè poul, li toujou vole ale pi lwen.

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki bèt istwa a pale ?
2. Ki sa l ap fè ?
3. Ki kote istwa a pase ?

Aktivite pou Ranfòse**Simon Di**

Sèvi ak : Konesans Alfabè

Materials : Kat oubyen bout papye ki gen lèt sou yo pou 3 a 4 elèv pataje.

Kouman pou fè sa :

1. Divize elèv yo an gwoup 3 ou 4 elèv pou yo travay.
2. Mande chak gwoup pou yon elèv pran kat ki gen lèt pa li yo pou gwoup la sèvi.
3. Sèvi ak lòd Simon Di konsa :
 - « Simon di, touche lèt F la ak pous nou. »
 - « Simon di, mete lèt S la atè. »
 - « Simon di, montre moun ki agoch ou a lèt D a. »
4. Si yon elèv fè yon erè tankou sèvi ak move lèt la oswa fè move jès la, ekip la elimine.
5. Dènye ekip ki rete a, se li ki genyen.

Nòt : Pandan y ap bay lòd Simon Di a, pwofesè yo ta dwe fè sa lòd la di a. Sa ap kore devlopman langaj elèv yo.

Aktivite 1 Kontin

Fè mache

Tout timoun avanse, avanse

Nou pral nan mache

N ap machande, n ap achte

Makout chaje n ap tounen lakay

Wololoy, fè mache se bèl bagay.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Jodi a n ap kontinye ak son /Ou/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/Ou/**.
- Premye mo a se **out**. Mo a kòmanse ak **/Ou/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **kizin**. Mo sa a pa kòmanse ak **/Ou/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se **/Ou/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/Ou/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **ouvè**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp **kite, oubyen**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/Ou/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **atis**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **moto**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **out, plante, oubyen, lapli**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m



- Mo a se **oubyen**. Premye son an se : **/ou/**.

Ann fè l ansanm



- Mo a se **out**. « Premye son » an se : **/ou/**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **toti, pasyans**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **ouvè, mimi, anba**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon konbinezon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non konbinezon lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son konbinezon lèt la

Tou pa m



- [Montre konbinezon lèt la epi di.]
- Son konbinezon lèt sa a se **/Ou/**.

Ann fè l ansanm



- Son konbinezon lèt sa a se **/Ou/**.

Se tou pa nou



- Son konbinezon lèt sa a se **/Ou/**.

b. Di non konbinezon lèt la

Tou pa m 

- [Montre konbinezon lèt la epi di.]
- Non konbinezon lèt sa a se **Ou.**

Ann fè l ansanm 

- Non konbinezon lèt sa a se **Ou.**

Se tou pa nou 

- Non konbinezon lèt sa a se **Ou.**

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m 

- [Di] M ap li mo yo : **ou, out, pou, lou, tou.**

Ann fè l ansanm 

- **ou, out, pou, lou, tou**

Se tou pa nou 

- [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **ou, out, pou, lou, tou.**
- [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « Ou » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « Ou » la pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy**Jwe ak son**

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son lesan an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 5 Ekri konbinezon lèt miniskilKounye a nou pral ekri konbinezon lèt miniskil **ou**.

a. Ekri konbinezon lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri konbinezon lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Fè o. Fè yon wonn fèmen nèt. Fè u. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Ansuit, trase yon liy kanpe.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Fè o. Fè yon wonn fèmen nèt. Fè u. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Ansuit, trase yon liy kanpe.**

Se tou pa nou 

- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Fè o. Fè yon wonn fèmen nèt. Fè u. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Ansuit, trase yon liy kanpe.**

b. Trase konbinezon lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri konbinezon lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè o. Fè yon wonn fèmèn nèt. Fè u. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Ansuit, trase yon liy kanpe.**

Aktivite 6 Ekri konbinezon lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri konbinezon lèt majiskil « **Ou** ».

a. Ekri konbinezon lèt ak dwèt

Tou pa m



- [Ekri konbinezon lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Fè O majiskil. Fè yon wonn fèmèn nèt. Fè u miniskil. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Ansuit, trase yon liy kanpe.**

Ann fè l ansanm



- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Fè O majiskil. Fè yon wonn fèmèn nèt. Fè u miniskil. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Ansuit, trase yon liy kanpe.**

Se tou pa nou



- **Fè O majiskil. Fè yon wonn fèmèn nèt. Fè u miniskil. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Ansuit, trase yon liy kanpe.**

b. Trase konbinezon lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri konbinezon lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè O majiskil. Fè yon wonn fèmèn nèt. Fè u miniskil. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Ansuit, trase yon liy kanpe.**

c. Trase konbinezon lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metè kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan konbinezon lèt majiskil **Ou**.

[Elèv yo ap trase sou konbinezon lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou konbinezon lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifeye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou konbinezon lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou konbinezon lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase konbinezon lèt la sou lòt liy yo.] Ekri konbinezon lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m



- Mo a se : **tou.**
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm



- Mo a se : **tou.**
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou



- Mo a se : **tou.**
- Ekri mo a.
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifeye si yo ekri byen]
- **lou, out, manti, poul.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Baye. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

Aktivite 7 **Vokabilè**

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo bèk

Kiyès ki ka di m ki sa mo **bèk** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo ravèt

Kiyès ki ka di m ki sa mo **ravèt** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **bèk** *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **ravèt** *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 8 **Tande istwa**

Kounye a mwen pral li istwa a.

a. Poul ak Ravèt

Lakay Doudou gen yon poul. Depi yon ravèt pase devan l, li kenbe l ak bèk li, epi li vale l. Ravèt pa janm gen rezon devan poul. Se pou sa, depi ravèt wè poul, li toujou vole ale pi lwen.

b. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive. Sa vle di: m ap li yon fraz pou nou. Nou menm, san nou pa pale, nou pral fè jès ki mache ak sa ki di nan fraz la .

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Se pou sa, depi ravèt wè poul, li toujou vole ale pi lwen.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

Aktivite pou Ranfòse

Mo pa janm fini

Pwofesè a ap di yon fraz epi l ap mande elèv yo reprann menm fraz la. Men chak fwa yon elèv di fraz la l ap chanje mo pwofesè a mande l la.

*Egzanp : Mariz ak Filip konn **sote**. [Elèv yo ap chanje **sote** ak yon lòt vèb ; yo ka di : **jwe, li, etidye, chante, kouri, elatriye**]*

Aktivite 1 Kontin

Fè mache

Tout timoun avanse, avanse

Nou pral nan mache

N ap machande, n ap achte

Makout chaje n ap tounen lakay

Wololoy, fè mache se bèl bagay.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Metè **lorikilè** nou sou desen **solèy la**.

Metè **endèks** nou sou desen **sak yo**.

Metè **pous** nou sou desen **nimewo sèt la**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/s/**. Jodi a se son **/s/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- Son an se **/s/**.
- Premye mo a se **sou**. Mo a kòmanse ak **/s/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **zwazo**. Mo sa a pa kòmanse ak **/s/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Son an se : **/s/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/s/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **sis**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **kreyon, sant**.

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/s/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **sal**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **se**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **tas, pòt, soupe, gaye**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m 

– Mo a se **sèl**. Premye son an se : **/s/**.

Ann fè l ansanm 

– Mo a se **sante**. « Premye son » an se : **/s/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **plim, sale**.

Se tou pa nou 

– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tandè : **souvan, ouvè, souse, sans, mete**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se **/s/**.

Ann fè l ansanm 

– Son lèt sa a se **/s/**.

Se tou pa nou 

– Son lèt sa a se : ... **/s/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **s**.

Ann fè l ansanm 

– Non lèt sa a se **s**.

Se tou pa nou 

– Non lèt sa a se **s**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « s » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòm mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– **/s/ /i/ = si**

Ann fè l ansanm 

– **/s/ /i/ = si**

Se tou pa nou 

– **/s/ /i/ = si**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **sis, sou, sa**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « s » la pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m



– /s/ /an/ /t/ /i/ = **santi**

Ann fè l ansanm



– /s/ /an/ /t/ /i/ = **santi**

Se tou pa nou



– /s/ /an/ /t/ /i/ = **santi**
– Ann kontinye ak lòt mo
Toutou, touse, pansé.

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **s**. [Ekri lèt la sou tablo a.]

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m



– [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
Sòti anwo, trase yon koub sou bò goch. Kontinye l pou trase yon lòt koub sou bò dwat.

Ann fè l ansanm



– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
Sòti anwo, trase yon koub sou bò goch. Kontinye l pou trase yon lòt koub sou bò dwat.

Se tou pa nou



– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]
Sòti anwo, trase yon koub sou bò goch. Kontinye l pou trase yon lòt koub sou bò dwat.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Sòti anwo, trase yon koub sou bò goch. Kontinye l pou trase yon lòt koub sou bò dwat.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt **s** (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwèn ti pwèn yo.] Trase sou lèt an ti pwèn ti pwèn yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m



– Mo kout la se : **se**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/s/ /e/

Ann fè l ansanm



– Mo a se : **se**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/s/ /e/

Se tou pa nou



– **se = /s/ /e/**
– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan lesan an]
tas, sa, si.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m



– Mo long lan se **soupe**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/s/ /ou/ /p/ /e/

Ann fè l ansanm



– Mo long lan se **soupe**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/s/ /ou/ /p/ /e/

Se tou pa nou



– **soupe = /s/ /ou/ /p/ /e/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **pouse, sale.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Baye. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

Aktivite 8 Vokabilè

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : sal

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **sal** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **sal** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **sal vle di pa pwòp, ki gen pousyè ak labou.**
3. Kisa mo **sal** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **sal** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **sal**. [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : pouse

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **pouse** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **pouse** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **pouse vle di fè l ale**.
3. Kisa mo **pouse** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tandè mo **pouse** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **pouse**. *[30 segonn]*

Aktivite 9 Prediksyon dapre tit

Anvan nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre tit. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]*

Tit istwa jodi a se : « **Loulou ap pouse Toutou** »
 Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou?
[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Loulou ap pouse Toutou

Loulou ap pouse Toutou. Toutou, ou sal. Toutou sal anpil. Ale toutou.

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

De kiyès istwa a pale ?
 Ki sa y ap fè ?

Aktivite pou Ranfòse

Komanse-Fini

[Separa klas la an de gwoup.] Lè m di yon mo, bò goch la ap di m ki son ki kòmanse mo a. Bò dwat la ap di m ki son ki fini mo a.

Aktivite 1 Kontin

Fè mache
 Tout timoun avanse, avanse
 Nou pral nan mache
 N ap machande, n ap achte
 Makout chaje n ap tounen lakay
 Wololoy, fè mache se bèl bagay.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Jodi a n ap kontinye ak son /s/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/S/**.
- Premye mo a se **sache**. Mo a kòmanse ak **/S/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **dlo**. Mo sa a pa kòmanse ak **/S/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se **/S/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/S/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **sak**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
koupe, wòch.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/S/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **sab**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **sik**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
voye, saj, siwo, kiyè, sote.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m



- Mo a se **soulye**. Premye son an se : **/s/**.

Ann fè l ansanm



- Mo a se **soupe**. « Premye son » an se : **/s/**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
zandolit, sousi.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **siwo, chire, gaye, souse, sale.**

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m



- *[Montre lèt la epi di.]*
- Son lèt sa a se **/S/**.

Ann fè l ansanm



- Son lèt sa a se **/S/**.

Se tou pa nou



- Son lèt sa a se **/S/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **S**.

Ann fè l ansanm 

- Non lèt sa a se **S**.

Se tou pa nou 

- Non lèt sa a se **S**.

Aktivite 4 **Lekti mo ak fraz**

a. Li mo kout vit e byen


Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m 

- [Di] M ap li mo yo : **si**.

Ann fè l ansanm 

- **sa**

Se tou pa nou 

- [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **sou, sal, tas**.
- [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « s » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « s » la pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy**Jwe ak son**

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son lesan an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 5 **Ekri lèt miniskil**

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil s.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Sòti anwo, trase yon koub sou bò goch. Kontinye l pou trase yon lòt koub sou bò dwat.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Sòti anwo, trase yon koub sou bò goch. Kontinye l pou trase yon lòt koub sou bò dwat.**

Se tou pa nou 

- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Sòti anwo, trase yon koub sou bò goch. Kontinye l pou trase yon lòt koub sou bò dwat.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Sòti anwo, trase yon koub sou bò goch. Kontinye l pou trase yon lòt koub sou bò dwat.**

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « S ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m



- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Sòti anwo, trase yon koub sou bò goch. Kontinye l pou trase yon lòt koub sou bò dwat.**

Ann fè l ansanm



- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Sòti anwo, trase yon koub sou bò goch. Kontinye l pou trase yon lòt koub sou bò dwat.**

Se tou pa nou



- **Sòti anwo, trase yon koub sou bò goch. Kontinye l pou trase yon lòt koub sou bò dwat.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Sòti anwo, trase yon koub sou bò goch. Kontinye l pou trase yon lòt koub sou bò dwat.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metè kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil S.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m



- Mo a se : **se.**
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm



- Mo a se : **se.**
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou



- Mo a se : **se.**
- Ekri mo a.
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
- **sa, si, pense, soupe.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Baye. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

Aktivite 7 Vokabilè**a. Revizyon vokabilè**

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo **sal**

Kiyès ki ka di m ki sa mo **sal** vle di? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo **pouse**

Kiyès ki ka di m ki sa mo **pouse** vle di? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **sal** [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **pouse** [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 8 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive. Sa vle di: m ap li yon fraz pou nou. Nou menm, san nou pa pale, nou pral fè jès ki mache ak sa ki di nan fraz la a.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Loulou ap pouse Toutou.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

Aktivite pou Ranfòse**Kontwòl son**

Nou pral di mo ki gen son nou konnen yo.

Di yon mo ki gen yon sèl son /.../.

Di yon mo ki gen de son /.../.

Aktivite 1 Kontin

Fè mache

Tout timoun avanse, avanse

Nou pral nan mache

N ap machande, n ap achte

Makout chaje n ap tounen lakay

Wololoy, fè mache se bèl bagay.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik : Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m



- Son nan premye mo a se **/p/ /ou/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **pou**.
- Son nan yon lòt mo se : **/s/ /ou/**.
- Ki mo li ye ? **sou**

Ann fè l ansanm



- Son nan mo a se : **/m/ /ou/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **mou**.
- Son nan yon lòt mo se : **/t/ /ou/ /t/**.
- Ki mo li ye ? **tout**
- Yon lòt ankò : **/s/ /an/ /t/ /i/**.
- Ki mo li ye ? **santi**

Se tou pa nou



- Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
- Son nan mo a se : **/l/ /ou/**.
- Ki mo li ye? [Elèv yo di : **lou**.]
- Yon lòt ankò : **/s/ /ou/ /p/ /e/**.
- Ki mo li ye ? [Elèv yo di : **soupe**.]

Aktivite 3 Konsyans Fonemik : Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m



- Mo a se **pou**.
- M ap di tout son yo : **/p/ /ou/**.

Ann fè l ansanm



- Mo a se **tas**.
- Ann di tout son yo **/t/ /a/ /s/**.
- Yon lòt mo **poupe**.
- Ann di son yo **/p/ /ou/ /p/ /e/**.

Se tou pa nou



- Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **sa, sal, pouse**.

Aktivite 4 Di non lèt ki nan yon mo

[Ekri 2 ou 3 mo ki nan leson sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rèl lèt yo.]

Aktivite 5 Jwenn son nan mo

Ouvri liv nou nan paj revizyon an. Kounye a, mwen pral di yon son. N ap chèche yon mo ki gen son an ladan l. N ap mete dwèt nou anba mo a. Son an se _____.

[Chwazi son yo an dezòd. Apre ou fin di yon premye son, mande kèk elèv ki mo yo jwenn ki gen son an. Chak elèv dwe bay yon nouvo mo. Kontinye ak lòt son nou wè deja.]

Aktivite 6**Lekti mo (nan liv la)****a. Lekti an gwoup**

Kounye a nou pral li nan liv la. Fè elèv yo ouvè liv la nan paj revizyon « **Ou ak S** » la. Mete yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li fò. [Pa egzanp, chak ranje, ti fi/ti gason, moun a dwat/moun a goch.]

Aktivite revèy**Jwe ak son**

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

b. Li istwa

*Anseyan an ap mande elèv yo li istwa « **Poul la toupatou** » pou kont yo.*

Evalyasyon**NOTE:**

- Nan moman sa a nou kapab mande elèv yo kontinye li menm istwa a. Nou kapab pwofite moman sa a pou nou fè evalyasyon endi-vidyèl pou elèv yo. Nou ka mande elèv yo li apeprè senk mo pou kont yo. Pa swiv prezantasyon mo yo nan liv la. Chwazi mo yo nan toulede leson yo, nan diferan liy pou chak timoun. Ede elèv la korije erè li yo. Apre li fini, note nan kaye ou konbyen mo elèv la li byen. Pa egzanp : 4/5. Si tout elèv pa gen tan li pou ou, asire ou sa ki pa li pou ou jodi a ap li pou ou semenn pwochenn (nan jou revizyon an).
- Si elèv yo pa li byen, mande yo li son lèt yo ba ou. Fè yon revizyon son elèv la pa konnen. Si gen anpil elèv ki pa konnen yon son, fè leson an ankò pou klas la. Si yo konnen son yo, men yo pa ka li, chèche konnen ki bò yo kole.

Aktivite 1 Kontin

Lakansyèl
Lakansyèl gen anpil koulè
Ble, ble digo, jòn, vèt
Oranj, wouj, vyolèt
Tout timoun je anlè
Y ap chèche koulè lakansyèl

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **lorikilè** nou sou desen **nimewo sèt la**.

Mete **endèks** nou sou desen **tèt la**.

Mete **pous** nou sou desen **kè yo**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande plis nan twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se /è/. Jodi a se son /è/ nou pral aprann.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se /è/.

Ann fè l ansanm 

– Son lèt sa a se /è/.

Se tou pa nou 

– Son lèt sa a se : .../è/.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se è.

Ann fè l ansanm 

– Non lèt sa a se è.

Se tou pa nou 

– Non lèt sa a se è.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apre de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « è » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòm mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /s/ /è/ = sè

Ann fè l ansanm 

– /s/ /è/ = sè

Se tou pa nou 

– /s/ /è/ = sè

– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **lè, mè.**

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « è » a pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòm mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /p/ /è/ /m/ /è/ /t/ = pèmèt

Ann fè l ansanm 

– /p/ /è/ /m/ /è/ /t/ = pèmèt

Se tou pa nou 

– /p/ /è/ /m/ /è/ /t/ = pèmèt

– Ann kontinye ak lòt mo **atè, talè.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Baye. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

Aktivite 5 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **è**. [Ekri lèt y sou tablo a.]

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– [Ekri lèt y ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]

Trase yon wonn ki pa fèmen sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmen an, trase yon liy kouche nan mitan. Mete yon aksan sou tèt li.

Ann fè l ansanm 

– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]

Trase yon wonn ki pa fèmen sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmen an, trase yon liy kouche nan mitan. Mete yon aksan sou tèt li.

Se tou pa nou 

– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]

Trase yon wonn ki pa fèmen sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmen an, trase yon liy kouche nan mitan. Mete yon aksan sou tèt li.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon wonn ki pa fèmen sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmen an, trase yon liy kouche nan mitan. Mete yon aksan sou tèt li.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt è (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 6 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m 

– Mo kout la se : **mèt**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.

/m/ /è/ /t/

Ann fè l ansanm 

– Mo a se : **mèt**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.

/m/ /è/ /t/

Se tou pa nou 

– **mèt = /m/ /è/ /t/**

– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]

sèt, pè.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m 

– Mo long lan se **anlè**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.

/an/ /l/ /è/

Ann fè l ansanm 

– Mo long lan se **anlè**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.

/an/ /l/ /è/

Se tou pa nou 

– **anlè = /an/ /l/ /è/**

M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **asèt, setè.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rèd |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

Aktivite 7 Vokabilè

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : anpil

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **anpil** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **anpil** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **anpil vle di bagay nou konte plis pase de, twa fwa.**
3. Kisa mo **anpil** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tandè mo **anpil** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **anpil.** *[30 segonn]*

b. Dezyèm mo a se : eple

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **eple** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **eple** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **eple vle di ekri lèt nan yon lòd korèk pou fè yon mo.**
3. Kisa mo **eple** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tandè mo **eple** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **eple.** *[30 segonn]*

Aktivite 8 Prediksyon dapre desen

Nou pral li yon istwa ansanm. Men anvan nou li istwa a, nou pral imagine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre desen.

[Montre desen an epi di.] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. *[30 segonn]*
2. Mandè kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 9 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a. *[Pandan elèv yo ap li, mèl la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Loulou ap li

Loulou ap li. Papa Loulou li pou li anpil. Sa pèmèt Loulou li epi eple mo pou mèl la.

Aktivite 10 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 11 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

De kiyès istwa a pale ?
Ki sa l ap fè ?

Aktivite pou Ranfòse

Kanpe pou son an

Nou pral fè yon bèl ti egzèsis. Lè mwen di yon mo ki gen son /.../, n ap kanpe, si li pa gen son an chita.

Aktivite 1 Kontin

Lakansyèl

Lakansyèl gen anpil koulè

Ble, ble digo, jòn, vèt

Oranj, wouj, vyolèt

Tout timoun je anlè

Y ap chèche koulè lakansyèl

Aktivite 2 Aprann son ak non youn lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la*Tou pa m* 

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se /È/.

Ann fè l ansanm 

– Son lèt sa a se /È/.

Se tou pa nou 

– Son lèt sa a se /È/.

b. Di non lèt la*Tou pa m* 

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se È.

Ann fè l ansanm 

– Non lèt sa a se È.

Se tou pa nou 

– Non lèt sa a se È.

Aktivite 3 Lekti mo ak fraz**a. Li mo kout vit e byen**

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m 

– [Di] M ap li mo yo : **pè, sè, lè, tè, sèt.**

Ann fè l ansanm – **pè, sè, lè, tè, sèt***Se tou pa nou* 

– [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout leson an] **pè, sè, lè, tè, sèt.**
– [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « è » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « è » a pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Baye. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

Aktivite 4 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil è.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m



- *[Ekri lèt y ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
- **Trase yon wonn ki pa fèmèn sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmèn an, trase yon liy kouche nan mitan. Mete yon aksan sou tèt li.**

Ann fè l ansanm



- *[Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]*
- **Trase yon wonn ki pa fèmèn sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmèn an, trase yon liy kouche nan mitan. Mete yon aksan sou tèt li.**

Se tou pa nou



- *[Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]*
- **Trase yon wonn ki pa fèmèn sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmèn an, trase yon liy kouche nan mitan. Mete yon aksan sou tèt li.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon wonn ki pa fèmèn sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmèn an, trase yon liy kouche nan mitan. Mete yon aksan sou tèt li.**

Aktivite 5 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « È ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m



- *[Ekri lèt Y ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
- **Trase yon liy kanpe. Trase twa liy kouche. Anwo trase yon liy long, nan mitan yon liy kout, e yon liy long anba. Mete yon aksan sou tèt li.**

Ann fè l ansanm



- *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]*
- **Trase yon liy kanpe. Trase twa liy kouche. Anwo trase yon liy long, nan mitan yon liy kout, e yon liy long anba. Mete yon aksan sou tèt li.**

Se tou pa nou



- **Trase yon liy kanpe. Trase twa liy kouche. Anwo trase yon liy long, nan mitan yon liy kout, e yon liy long anba. Mete yon aksan sou tèt li.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Trase twa liy kouche. Anwo trase yon liy long, nan mitan yon liy kout, e yon liy long anba. Mete yon aksan sou tèt li.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil È.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwèn ti pwèn yo.] Trase sou lèt an ti pwèn ti pwèn yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen


Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m 

- Mo a se : **tè.**
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm 

- Mo a se : **tè.**
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou 

- Mo a se : **tè.**
 - Ekri mo a.
 - Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
- pè, sèt, tèt, talè.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Panche a dwat. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rès |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

Aktivite 6 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo anpil

Kiyès ki ka di m ki sa mo **anpil** vle di? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo eple

Kiyès ki ka di m ki sa mo **epile** vle di? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **anpil** [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **epile** [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 7 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekòde mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Loulou ap li.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

Aktivite pou Ranfòse

Jwe ak mo

[Ekri tout son nou wè deja yo sou tablo a. Fòme yon gwoup 6 elèv. Mande premye elèv la pou l di yon non moun ak yon non machandiz ki kòmanse ak premye son an. Mande lòt elèv yo kontinye fè menm egzèsis la san yo pa repete yon non ki di deja. Lè yon moun pèdi li pral chita epi lòt yo ap kontinye ak pwochen son an. Moun ki rete an dènye a ap genyen.]

Aktivite 1 Kontin

Lakansyèl
Lakansyèl gen anpil koulè
Ble, ble digo, jòn, vèt
Oranj, wouj, vyolèt
Tout timoun je anlè
Y ap chèche koulè lakansyèl

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Metè **endèks** nou sou desen **kann yo**.

Metè **pous** nou sou desen **kabrit la**.

Metè **lorikilè** nou sou desen **kaye a**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/k/**. Jodi a se son **/k/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- Son an se **/k/**.
- Premye mo a se **ka**. Mo a kòmanse ak **/k/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **lim**. Mo sa a pa kòmanse ak **/k/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Son an se : **/k/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/k/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **kou**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **mache**.

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/k/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **kè**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **mouye**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **wou, ke, kat, bèt, koule**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m 

– Mo a se **klas**. Premye son an se : **/k/**.

Ann fè l ansanm 

– Mo a se **kann**. « Premye son » an se : **/k/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **zoranj**.

Se tou pa nou 

– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **mouye, kous, kan, tablo, ankò**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.


a. Di son lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se **/k/**.

Ann fè l ansanm 

– Son lèt sa a se **/k/**.

Se tou pa nou 

– Son lèt sa a se : ... **/k/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **k**.

Ann fè l ansanm 

– Non lèt sa a se **k**.

Se tou pa nou 

– Non lèt sa a se **k**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « k » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– **/k/ /i/ = ki**

Ann fè l ansanm 

– **/k/ /i/ = ki**

Se tou pa nou 

– **/k/ /i/ = ki**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **klas, kat, ke**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « k » a pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòmè mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /p/ /a/ /k/ /è/ /t/ = **pakèt**

Ann fè l'ansanm 

– /p/ /a/ /k/ /è/ /t/ = **pakèt**

Se tou pa nou 

– /p/ /a/ /k/ /è/ /t/ = **pakèt**
– Ann kontinye ak lòt mo **kase, kale.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l'ak elèv yo.]*

Baye. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **k**. *[Ekri lèt y sou tablo a.]*

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
Trase yon liy kanpe. Leve men w. Fè yon liy panche a goch. Fè yon liy panche a dwat.

Ann fè l'ansanm 

– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]*
Trase yon liy kanpe. Leve men w. Fè yon liy panche a goch. Fè yon liy panche a dwat.

Se tou pa nou 

– *[Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]*
Trase yon liy kanpe. Leve men w. Fè yon liy panche a goch. Fè yon liy panche a dwat.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Leve men w. Fè yon liy panche a goch. Fè yon liy panche a dwat.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt **k** (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. *[Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]*

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m 

– Mo kout la se : **ka**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/k/ /a/

Ann fè l ansanm 

– Mo a se : **ka**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/k/ /a/

Se tou pa nou 

– **ka = /k/ /a/**
– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]
ke, kous.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m 

– Mo long lan se **kepi**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/k/ /e/ /p/ /i/

Ann fè l ansanm 

– Mo long lan se **kepi**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/k/ /e/ /p/ /i/

Se tou pa nou 

– **kepi = /k/ /e/ /p/ /i/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **makèt, kale.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Panche a dwat. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rèd |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

Aktivite 8 Vokabilè

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : kepi

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **kepi** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **kepi** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **kepi se yon kalite chapo ki fèt an twal. Li gen yon pati ki lonje devan.**
3. Kisa mo **kepi** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **kepi** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **kepi**. [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : mete

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **mete** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **mete** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **mete vle di depoze**.
3. Kisa mo **mete** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **mete** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **mete**. *[30 segonn]*

Aktivite 9 Prediksyon dapre tit

Anvan nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre tit. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]*

Tit istwa jodi a se : « **Kepi Kati a** »
 Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou?
[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a. *[Pandan elèv yo ap li, mèl la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Kepi Kati a

Ki koulè kepi Kati a ? Kepi Kati a tankou kepi pa m. Kati ap mete kepi a sou tèt li.

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

De kiyès istwa a pale ?
 Ki sa l ap fè ?

Aktivite pou Ranfòse

Rive jwenn zetwal yo

Segmantasyon son

Materyèl : Foto oswa desen oswa objè ki gen twa ou kat son.

Kouman pou fè sa :

1. *Mande elèv yo chita an won.*
2. *Montre yo youn nan imaj yo.*
3. *Mande yon volontè pou li idantifye sa ki sou imaj la epi pou l kase mo a son pa son. Pa egzanp, si mo a se « tèt », timoun nan dwe di « /t/ /è/ /t/ . »*
Nòt : Si elèv yo pa konn non objè a, di yo non li. [Se pa yon tès vokabilè.]
4. *Mande yon dezyèm volontè di konbyen son ki nan mo a.*
5. *Mande yon twazyèm volontè pou l pran yon zetwal nan syèl la pou chak son ki nan mo a [Pou l fè sa, timoun nan ap vole pou l fè kòm si l ap atrap yon zetwal pou chak son ki nan mo a].*
6. *Kontinye egzèsis la ak lòt imaj pou plis elèv ka gen chans pou vole jwenn zetwal yo.*

Aktivite 1 Kontin

Lakansyèl

Lakansyèl gen anpil koulè

Ble, ble digo, jòn, vèt

Oranj, wouj, vyolèt

Tout timoun je anlè

Y ap chèche koulè lakansyèl

Aktivite 2 Konsyans Fonemik**a. Rekonèt premye son**

Jodi a n ap kontinye ak son /k/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Son an se **/K/**.
- Premye mo a se **kana**. Mo a kòmanse ak **/K/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **boule**. Mo sa a pa kòmanse ak **/K/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Son an se **/K/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/K/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **kafe**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **fèt**.

Se tou pa nou

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/K/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **keyi**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **kenbe**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **lonje, kann, kout, doulè**.

b. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Premye pè mo a se **kote-koupe**.
De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt pè mo a se **kote-pote**.
- De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Pè mo a se **kous-tous**.
- [Reponn ak pous.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **kouri-pouri, kibi-kit**.

Se tou pa nou

- Premye pè mo a se **keyi-pey**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **kab-tab, ke-klas**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la*Tou pa m*

- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **/K/**.

Ann fè l ansanm

- Son lèt sa a se **/K/**.

Se tou pa nou

- Son lèt sa a se **/K/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m

- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **K**.

Ann fè l ansanm

- Non lèt sa a se **K**.

Se tou pa nou

- Non lèt sa a se **K**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m

- [Di] M ap li mo yo : **ka, kè, kous, ak, kan.**

Ann fè l ansanm

- **ka, kè, kous, ak, kan**

Se tou pa nou

- [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout leson an] **ka, kè, kous, ak, kan.**
- [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « k » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « k » a pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Baye. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **k**.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lèt de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy kanpe. Leve men w. Fè yon liy panche a goch. Fè yon liy panche a dwat.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy kanpe. Leve men w. Fè yon liy panche a goch. Fè yon liy panche a dwat.**

Se tou pa nou 

- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Trase yon liy kanpe. Leve men w. Fè yon liy panche a goch. Fè yon liy panche a dwat.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Leve men w. Fè yon liy panche a goch. Fè yon liy panche a dwat.**

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « **K** ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lèt a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy kanpe. Leve men w. Fè yon liy panche a goch. Fè yon liy panche a dwat.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy kanpe. Leve men w. Fè yon liy panche a goch. Fè yon liy panche a dwat.**

Se tou pa nou 

- **Trase yon liy kanpe. Leve men w. Fè yon liy panche a goch. Fè yon liy panche a dwat.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Leve men w. Fè yon liy panche a goch. Fè yon liy panche a dwat.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metè kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil **K**.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m 

- Mo a se : **ke.**
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm 

- Mo a se : **ke.**
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou 

- Mo a se : **ke.**
 - Ekri mo a.
 - Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : *[Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]*
- ka, kè lèt, koulè, tankou.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rèd |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

Aktivite 7 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo kepi

Kiyès ki ka di m ki sa mo **kepi** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo mete

Kiyès ki ka di m ki sa mo **mete** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **kepi** *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **mete** *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 8 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li poukont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Kati ap mete kepi a sou tèt li.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

Aktivite pou Ranfòse**Vokabilè : Di non epi dekri**

Ou ka bati vokabilè elèv yo ak kapasite deskripsyon yo nan leson ki santre sou di non ak dekri.

Kouman pou fè sa :

1. Kòmanse pa chwazi yon tèm oswa yon sijè pou nou travay. Brase lide oswa di non objè ki gen rapò ak tèm lan. Pa egzanp, si tèm nan se manje, elèv yo ka di non mango, sereyal, ak pwason.
2. Epi ede elèv yo di non objè sa yo pa kategori. Ki sa ki fwi, legim, vyann, elatriye ?
3. Finalman, mande elèv yo di non objè sa yo selon kalite yo. Nan ka sa a, ki sa ki dous, ki sa ki sale, ki sa ki si ?

Aktivite 1 Kontin

- Lakansyèl
- Lakansyèl gen anpil koulè
- Ble, ble digo, jòn, vèt
- Oranj, wouj, vyolèt
- Tout timoun je anlè
- Y ap chèche koulè lakansyèl

Aktivite 2 Konsyans Fonemik : Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m



- Son nan premye mo a se **/k/ /è/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **kè**.
- Son nan yon lòt mo se : **/t/ /è/ /t/**.
- Ki mo li ye ? **tèt**

Ann fè l ansanm



- Son nan mo a se : **/p/ /è/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **pè**.
- Son nan yon lòt mo se : **/l/ /i/ /l/ /a/**.
- Ki mo li ye ? **lila**
- Yon lòt ankò : **/p/ /a/ /k/ /è/ /t/**.
- Ki mo li ye ? **pakèt**

Se tou pa nou



- Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
- Son nan mo a se : **/k/ /l/ /e/**.
- Ki mo li ye? [Elèv yo di : **kle**.]
- Yon lòt ankò : **/k/ /ou/ /l/ /è/**.
- Ki mo li ye ? [Elèv yo di : **koulè**.]

Aktivite 3 Konsyans Fonemik : Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m



- Mo a se **kat**.
- M ap di tout son yo : **/k/ /a/ /t/**.

Ann fè l ansanm



- Mo a se **sèt**.
- Ann di tout son yo **/s/ /è/ /t/**.
- Yon lòt mo **malèt**.
- Ann di son yo **/m/ /a/ /l/ /è/ /t/**.

Se tou pa nou



- Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **ka, kas, kalkil**.

Aktivite 4 Di non lèt ki nan yon mo

[Ekri 2 ou 3 mo ki nan leson sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rès lèt yo.]

Aktivite 5 Jwenn son nan mo

Ouvri liv nou nan paj revizyon an. Kounye a, mwen pral di yon son. N ap chèche yon mo ki gen son an ladan l. N ap mete dwèt nou anba mo a. Son an se _____.

[Chwazi son yo an dezòd. Apre ou fin di yon premye son, mande kèk elèv ki mo yo jwenn ki gen son an. Chak elèv dwe bay yon nouvo mo. Kontinye ak lòt son nou wè deja.]

Aktivite 6 **Lekti mo (nan liv la)****a. Lekti an gwoup**

Kounye a nou pral li nan liv la. Fè elèv yo ouvè liv la nan paj revizyon « È ak K » a. Mete yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li fò. [Pa egzanp, chak ranje, ti fi/ti gason, moun a dwat/moun a goch.]

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Baye. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy


- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

b. Li istwa

Anseyan an ap mande elèv yo li istwa « Leman Kati a » pou kont yo.

Evalyasyon**NOTE:**

- Nan moman sa a nou kapab mande elèv yo kontinye li menm istwa a. Nou kapab pwofite moman sa a pou nou fè evalyasyon endividyèl pou elèv yo. Nou ka mande elèv yo li apeprè senk mo pou kont yo. Pa swiv prezantasyon mo yo nan liv la. Chwazi mo yo nan toulede leson yo, nan diferan liy pou chak timoun. Ede elèv la korije erè li yo. Apre li fini, note nan kaye ou konbyen mo elèv la li byen. Pa egzanp : 4/5. Si tout elèv pa gen tan li pou ou, asire ou sa ki pa li pou ou jodi a ap li pou ou semenn pwochenn (nan jou revizyon an).
- Si elèv yo pa li byen, mande yo li son lèt yo ba ou. Fè yon revizyon son elèv la pa konnen. Si gen anpil elèv ki pa konnen yon son, fè leson an ankò pou klas la. Si yo konnen son yo, men yo pa ka li, chèche konnen ki bò yo kole.



Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisyen a, gras a yon èd ki soti nan ajans ameriken U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li – ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Out 2013